

ISHENGERO RY'ABADVENTISTE B'UMUSI W'INDWI
UNION Y'UBURUNDI

IMISI 40 YO GUSENGA

3 Rusama - 11 Ruheshi 2022

Ibikoresho vyateguwe n'ishirahamwe ry'Abapasitori muri Conferance Generale y'Abadvantiste b'Umusi w'Indwi.

Umugambi washizweho mu ntumbero y'ikangura n'ivugurura mw'ishengero ry'Abadvantiste b'Umusi w'Indwi.

Mushobora kuraba ku rubuga <https://revivalandreformation.org/40days> kugira ngo mumenye vyinshi.

Ikangura n'ivugurura

IBIRIMWO

IBIRIMWO	i
INDWI YA MBERE: 3-8 RUSAMA	1
ICIVUGO: IKANGURA N’IVUGURURA	1
GUTANGUZA AMASENGESHO KUWA 2 RUSAMA- ICIYUMVIRO CO KWIGAKO	2
« IMANA IRACAHAMAGARA »	2
UMUSI WA 1	4
IKANGURA RY’UKWITANGA NYAKURI	4
UMUSI WA 2	5
UGUCA BUGUFI-KURONDERA- GUHINDUKIRA	5
UMUSI WA 3	6
IKANGURA N’IVUGURURA- IMIBEREHO Y’IKIVANGE	6
UMUSI WA 4	7
IGISHINGANTAHE- Jarry Page	7
UMUSI WA 5	9
IMITWARO YO GUSENGERA KW’ISABATO	9
UMUSI WA 6	10
IMITWARO YO GUSENGERA KU WA MBERE	10
INDWI YA KABIRI : Kuva 9-15 Rusama	10
UMUSI WA 7	10
TWESE MU GIKORWA	10
UMUSI WA 8	13
URI UMUCO	13
UMUSI WA 9	13
SANGA UMURYANGO WAVE	14
UMUSI WA 10	14
GUSHIKRA IGISAGARA CAWE	15
UMUSI WA 11	16
IGISHINGANTAHE : « KUMOTA NK’UMUMARAYIKA »	16
UMUSI WA 12	18
IMITWARO YO GUSENGERA KW’ISABATO	18
UMUSI WA 13	18
IMITWARO YO GUSENGERA KUWA MBERE	18
INDWI YA 3: 16-22 Rusama 2022	19
UMUSI WA 14	19

UBUSHOBOZI BW'IJAMBO	19
UMUSI WA 15.....	21
IJAMBO-INKOTA	21
UMUSI WA 16.....	22
IJAMBO RITUNGANYA	22
UMUSI WA 17.....	23
IJAMBO – UMUCO	23
UMUSI WA 18.....	24
IGISHINGANTAHE: INSHINGANO YO KUBWIRIZA IJAMBO	24
UMUSI WA 19.....	26
IMITWARO YO GUSENGERA KW'ISABATO	26
UMUSI WA 20.....	26
IVYO GUSENGERA KU MUSI WA MBERE	26
UMUSI WA 21.....	26
‘ HAGURUKA UKAYANGANE ’.....	26
UMUSI WA 22.....	29
UBUHINGA BURUTA UBUNDI BWOSE.....	29
UMUSI WA 23.....	30
UBUGOROROTSI N'IKI?	30
UMUSI WA 24.....	31
UBURANGA NTAGERERANYWA BWA YESU KRISTO.....	31
UMUSI WA 25.....	32
“UWATANGUJE IGIKORWA CIZA MURI WEWE ...”	32
UMUSI WA 26.....	34
IMITWARO YO GUSENGERA KW'ISABATO.....	34
UMUSI WA 27.....	34
IMITWARO YO GUSENGERA KU WA MBERE.....	34
INDWI YA GATANU (30Rusama- 5Ruheshi2022)	35
UMUSI WA 28.....	35
“UGUSUKWA KWA MPWEMU YERA “	35
UMUFASHA MWERANDA.....	36
UMUSI WA 30.....	38
UMUHORA WO GUKIZWA	38
UMUSI WA 31.....	39
KUGARAGAZA IMICO YA YESU.....	39
UMUSI WA 32.....	40

IYO MPWEMU YERA AHINDUYE IBINTU.....	40
IMITWARO YO GUSENGERA KW'ISABATO	42
UMUSI WA 34.....	43
IMITWARO YO GUSENGERA KU WA MBERE.....	43
INDWI YA 6: 6-11Ruheshi2022.....	43
UMUSI WA 35.....	43
ISENGESHO RY'IGIHE C'IHEREZO.....	43
UMUSI WA 36.....	45
UMUMARAYIKA WA MBERE	45
UMUSI WA 37.....	46
UMUMARAYIKA WA KABIRI.....	46
UMUSI WA 38.....	47
UMUMARAYIKA WA GATATU.....	47
UMUSI WA 39.....	48
IGISHINGANTAHE: UBUTUMWA BWIZA BUTAZOSHIRA BWARAHINDUYE.....	48
UBUZIMA BWA BILL!	48
UMUSI WA 40.....	50
AMASHIMWE YO KW'ISABATO.....	50

INDWI YA MBERE: 3-8 RUSAMA
ICIVUGO: IKANGURA N'IVUGURURA

Kaze mu misi 40 y'amasengesho!

Harageze ko twitegurira urugendo rudasanzwe!

Mu gihe twitegurira gutangura imisi 40 y'amasengesho dusengera hamwe (kuva kw'igenekerezo rya 3 Rusama gushika 11 Ruheshi), senga kugira ngo Imana itegure umutima wawe kandi ibashikane kure y'aho muri uyu musu kugira ngo mubeho ubuzima burimwo akariro kandi bufadika muri kumwe na Yesu.

Ngibi ivyo mwokwitega:

- Buri wa kabiri w'Isabato, muzoronka ijamba ry'Imana ritera intege. Irya mbere, ryanditswe na Pastori Don MacLafferty, hanyuma turarironswa kugira ngo turisabikanye.
- Kuva kuwa gatatu w'Isabato gushika kuwa gatanu, muzoronka "Imyitwarariko y'umutima" yo ku musu ku musu hamwe n'ivyo gusengera vyategekanijwe kuri buri musu. Iyo mitwari yo gusengera ni iyo kubafasha gusa gutangura gusenga. Ariko musenge nk'uko Mpwemu Yera ari bubayobore.
- Kuwa gatandatu, muzoronka igishingantahe c'isengesho ritera intege, hamwe n'imitwari yo gusengera mu mpera z'indwi.

Biroroshe cane. Murashobora kugira urwo rugendo mwenyene, mw'ishengero ryanyu canke muri kumwe n'umugenzi. Ni vyiza kugira abo musangira amasengesho, kubw'ivyo senga kugira ngo umenye abo ukwiye gutumira ngo mufatanye urwo rugendo.

Uburyo bune bwo kwinjira muri iyi nteguho y'imisi 40 yo gusenga mu buryo bwimbitse:

1. Mwimbe kure cane: Senga, mwigie canke mwumvirize ivyigwa vyerekeye ikangura n'ivugurura bitangwa buri ndwi. Vyatoranijwe mu buryo budasanzwe kugira ngo bibafashe gutahura mu buryo bwimbitse icivugo c'indwi iba ishikiriwe.

2. Hitamwo amazina ndwi: Senga kandi mubaze Imana umuntu mutegerezwa gusengera muri iyi misi 40 y'amasengesho. Mumaze gusenga, hitamwo amazina ndwi canke arenga y'abantu mwumva ko Imana ibasaba kwibandako vy'umwihariko. Gira urutonde ku rupapuro canke muri Telefone yawe kandi urwo rutonde rugume ahantu uguma urubona kandi ushobora kurushikira. Tegekanya uburyo bwo kwiyibutsa haba muri Telefone yawe canke ku kirangamisi kugira ngo usengere vy'umwihariko ayo mazina ndwi ku murango. Ishuza amasezerano ari muri Yohana 5 :14-16 mu gihe mubasengera buri musu hanyuma mwihweze ico Imana izokora nk'inyishu ku masengesho yanyu ashimitse.

3. Sengera hamwe n'abandi: Ifatanye n'abandi ku rubuga mu masengesho yuguruye amasaha 24 kuri 24 umare nibura iminota 30 ku musu uri kumwe n'abandi bizera kumara ico kiringo c'imisi 40 y'amasengesho. Raba ku rubuga: <https://247unitedprayer.org>

4. Kwisonzesha kubw'umusi mukuru: Senga kugira ngo ushobore gushira ku ruhande ibintu bimwe bimwe muri iyo misi 40 kugira ngo mushobore kwumva umuhamagaro w'Imana mu buryo butomoye maze mwishure kw'ijwi ryayo. Ntitubahanura ngo mwisonzeshe ivyo kurya, ariko kumbure vyobashimisha kuzimya Televiziyo, kuva ku mbuga ngurukana bumenyi, kureka kuja mu bikino bisamaza, gufungura mu myanya bidakenewe canke ico kindi kintu cose

wumva ko Imana iguhamagarira guhagarika muri iki kiringo. Mwibuke ko, ukugira ivyo twiyima uko vyoba biri kwose atari vyo bituma tuba ababereye ubuntu bw’Imana, ariko nk’uko umuntu umwe yabivuze, «Twisonzeshya isi kugira ngo dufungure kuri Yesu».

Gufungura kuri Yesu coba ari co cipfuzo c’ukuri c’umutima wawe? Niba ariko bimeze, Imana irafise ikintu kidasanzwe ikubikiye muri iyi misi 40 yo gusenga tugiye gutangura.

Uyu musu ni musabe Imana ico ibagombako muri iyi misi 40 yo gusenga mu gusoma uyu mwitwarariko ukurikira ukomeza, «Imana yama ihamagara»

Amasengesho kubw’urugendo rwanyu,

Umurwi w’ikangura n’ivugurura

GUTANGUZA AMASENGESHO KUWA 2 RUSAMA- ICIYUMVIRO CO KWIGAKO

« IMANA IRACAHAMAGARA »

Vyateguwe na Don MacLafferty.

Imana yama ihamagara ubwoko bwayo ngo buze kuri yo. Bibiliya yuzuye inkuru y’abantu bishuye umuhamagaro hamwe n’abawanse.

Mw’Itanguriro 3:9,10 Imana yarahamagaye maze Adamu na Eva barinyegeza.

Imana yarahamagaye Nowa maze Nowa yubaka ubwato ngo ahunge umwuzure, uwo isi yavuga ko utazokwigera uza (Itanguriro 6:14-22)

Imana yarahamagaye maze Aburamu na Sarai bava mu muryango wabo, mu nzu yabo no mu gihugu cabo (Itanguriro 12:1-4)

Imana yahamagaye maze Yakobo aragwana kandi arasemerera ati: “Sindakurekura ngo ugende utampezagiye” (Itanguriro 32:26)

Imana yahamagaye maze Mose abanza kurondera ivyitwazo, hanyuma yahavuye abarira Farawo ati “Rekura abantu banje bagende” (Kuvayo 8:20-32)

Imana yarahamagaye maze Yosua arapfukama, arunama, hanyuma yazengurutse Yeriko incuro cumin na zitatu (Yosua 5:14-6:15).

Imana yarahamagaye maze Gidiyoni asambura igicaniro ca Bayali, avuza inzamba maze atsinda aba Midiyani (Abacamanza 6:27-7:22)

Imana yarahamagaye maze Samweli yiruka iyo Eli ari incuro zitatu imbere yo kwishura ngo: “Vuga kuko umusavyi wawe ntez’amatwi. (1Samweli 3:10)

Imana yarahamagaye maze Eliya ahangana na Isirayeli ku musozi Karumeli, asanura igicaniro c’Uhoraho maze arasenga kugira ngo umuriro utibuke (1Abami 18:21-38)

Imana yarahamagaye maze Yona arahunga, amirwa n’urufi runini, maze ahamagara Niniwe ngo yitegurire urubanza. (Yona 1-4)

Imana yarahamagaye maze Yesaya yishura mw’ijwi ryoroheje anezerewe ati: “Ndi hano Mwami ba ari jewe utuma!” (Yesaya 6:8)

Imana yarahamagaye maze Filipo yiruka asanga umukogote w'umunyetiyopiya maze amuhindura umwigishwa wa Kristo. (Ivyakozwe 8:29, 30)

Imana yarahamagaye maze Sawuli w'i Taruso arabaza ati: "Uri nde ga Mwami?", amara imisi itatu atarya atanywa maze ashingira intahe uwo yari yahoze yanka ko ari "Umwana w'Imana" (Ivyakozwe 9:5-9, 20)

Imana yarahamagaye maze Ananiyasi arambika ibiganza ku muntu yari yazanywe no kubahama maze aravua ngo: "Mwene Data Sawuli, Umwami Yesu yantumye kugira ngo uhumuke kandi wuzure Mpwemu Yera" (Ivyakozwe 9:10-17)

Imana yarahamagaye maze Petero aheba igikorwa ciwe, n'icubahiro ciwe kugira ngo abwirize Yesu Kristo kwa Koruneriyo yari anyotewe ubutumwa bwiza. (Ivyakozwe 10:9-48)

Imana yarahamagaye maze Yohana yikubita kubirenge vya Yesu nk'uwupfuye. (Ivyahishuwe 1:17)

Mw'ikete rya nyuma ry'urukundo rya Yesu, ahamagara abantu bo mu musu wiwe wa nyuma ari hanze - yitegereza aho yokwakirwa mu mitima yacu: "Ehe mpagaze ku rugi ndaramukije; umuntu ni yumva ijwi ryanje akugurura urugi ndijira iwe dusangire." (Ivyahishuwe 3:20)

Uwo ni wo muhamagaro wiwe kuri bose, abana, urwaruka, n'abakuze muri uyu mwanya. Ni twarindira uwundi muhamagaro igihe kizoturengana. Arabahamagara, mwebwe nanje n'urukundo rwose rw'Imana Data wa twese, urukundo rwiwe rw'Umukiza n'Umwami, hamwe n'urukundo rwa Mpwemu Yera.

N'umuhamagaro wiwe kw'ikangura ry'umuntu wese ku giti ciwe no ku gishingantahe c'umuntu wese ku giti ciwe. Kuva kera hose yamye ahamagara ubwoko bwiwe. Ubu rero ijwi ryiwe ritera riyongera kandi rishimika kuko avuga ati: "Ndaza vuba..." (Ivyahishuwe 22:7). Yarateguye ikibanza mw'ijuru kugira ngo aho ari natwe tubeyo. (Yohana 14:3)

Igihe kiratwegereje. Si igihe co kwishura umuhamagaro wiwe mu kwinyegeza nk'uko Adamu na Eva babikoze. Si igihe co kwihenda kw'ijwi ryiwe nk'uko vyagendeye Samweli atari bwamenye ijwi ry'Umwami (1Samweli 3 :7). Si igihe co gufata inzira itariyo nk'uko Yona yabikoze.

N'igihe co kwikubita hasi twubamye nka Yohana imbere ya Yesu, tukamugarukira, tukagaruka ku gicaniro, tukamusenga nk'Umwami w'abami, Uwuganza abanganza.

Imana yama ihamagara kandi n'uyu musu irabahamagara!

Don Mac Lafferty ni we yatanguje kandi ayoboye integuro bise «In Discipleship». Imana yakoreye mu mutima wa Don hamwe n'umugore wiwe April ngo bahamagare imiyabaga hamwe n'urwaruka babahamagarira ikangura ku musu ku musu hamwe na Yesu kubw'ubushobozi bwa Mpwemu Yera. Bahimiriza amashengero n'amashure kugira ngo yishire hamwe maze afashe abavyeyi mu kubaronsa ibikenewe kugira ngo bashobore gushikana abana babo ku kuba abigishwa kandi babategurire kuja mu gikorwa.

Ikibazo nkoramutima

Hariho impamvu ituma musoma ayo majambo ari aho hejuru. Imana ni yo ikurikiranya ibintu mu buzima bwanyu kugira ngo muronke akaryo kadasanzwe mu buzima bwanyu ko kwumva

umuhamagaro wayo. Umuhamagaro wayo wabashikiriye uyu musu. Ni umuhamagaro wo kubaho mu buryo bwimbitse ubuzima bw'ikangura ku giti cawe hamwe na Yesu. Ni umuhamagaro wo gukurikira Yesu aho akuyobora hose. Mbega muriteguye kwishura uwo muhamagaro?

Mbega muriteguye gukurikira umuhamagaro wiwe uyu musu ngo mubeho ubuzima bwimbitse, bwumvikana kandi buboneka hamwe nawe n'ijambo ryiwe?

Imitwara 10 yo gusengera mu gihe mutegura imitima yanyu ku masengesho y'imisi 40.

- Senga Imana ngo itegure umutima wawe ku vyo yiteguye gukora
- Senga ngo mutahure umuhamagaro wanyu ku giti canyu kandi w'urukundo uva ku Mana mu buzima bwanyu.
- Senga ngo ijambo ry'Imana ribe rizima kandi ry'ukuri.
- Senga ngo mwumve ijwi ry'Imana rivugana n'umutima wawe mu buryo bwihariye buri musu
- Senga ngo isengesho rihinduke vy'ukuri impwemu y'ubugingo bwanyu.
- Senga wishimikije Zaburi 139:23-24
- Senga ngo Imana ibahe ishaka n'inkomezi zo gukuraho ibisamaza vyose vyo mu buzima bwanyu vyobabuza kwumva ijwi ryayo muri iyi misi 40 yo gusenga
- Senga ngo Mpwemu Yera abahe ingendo yimbitse, yumvikana kandi iboneka kumwe na Yesu
- Senga ngo mumenye abo mushobora gutumirira kwifatanya namwe muri iyi misi 40 y'amasengesho
- Sengera ya mazina indwi watoranya ngo uzosengere muri iyi misi 40 y'amasengesho.

Murashobora kwifatanya n'abandi bizera bo kw'isi yose mw'isengesho ryo kuri Zoom (soma Zumu) muri iyi misi 40 y'amasengesho: <https://247unitedprayer.org>

UMUSI WA 1 3 Rusama2022

IKANGURA RY'UKWITANGA NYAKURI

“Mbega ntuzokwongera kuturabura, kugira ngo abantu bawe bakunzezererwe?” Zaburi 85:6

“Ikangura ry'ukwitanga nyakuri muri twebwe ni ryo rihambaye cane kandi ryihutirwa cane kuruta ibindi bintu vyose dukeneye. Kurondera ivyo ni co gitegerezwa kuba igikorwa cacu ca mbere. Hategerezwa kuba akigoro kadasanzwe kugira ngo turonke umuhezagiro w'Imana, atari uko Imana idashaka kuduha umuhezagiro wayo, ariko ari kubera tutaba twiteguriye kuwakira. Data wo mw'ijuru ariteguye guha Mpwemu Yera abamumusavye, gusumba uko abavyeyi bo kw'isi biteguriye guha ivyiza abana babo. Ariko ni igikorwa cacu, binyuze mu kwatura, mu guca bugufi, mu kwihana, no mu masengesho ashimitse, kwuzuzwa ibisabwa kugira ngo isezerano ry'Imana ryo kuturonsa Mpwemu Yera rishike. Ikangura ryitegwa gusa nk'inyishu kw'isengesho.” ISM, P.121

Ikibazo nkoramutima

Imana ni yo soko yonyene y'ikangura nyakuri.

Ikangura ni co kintu dukeneye mu buryo bwihutirwa. Mbega mwoba mwumva mukeneye ikangura nyaryo? Mbega murabona ko vyihutirwa? Mbega murizerako Data yiteguriye cane kubaha Mpwemu Yera? Ntaco bitwaye aho mwoba muri hose canke uko mwoba mwumva ko mwapfuye mu vya Mpwemu kwose, gira umwete kandi mwizere amasezerano yiwe. Ukuri guhambaye n'uko Imana yacu ifise ubushobozi bwo kuzura. Ishobora kutuzura, ikongera ikadusubiza ubuzima bwacu bw'impwemu.

Mbega mwokwiringa ngo muronke ivugurura ku giti canyu uyu musu?

Imitwaro yo gusengera

- Sengera ikangura ku giti cawe kandi nturambirwe gushika Imana yishuye.
- Senga kugira ngo ni haba hari ikintu ico ari co cose kibuzza Imana gukora igikorwa cimitse mu buzima bwawe, ikikugaragarize.
- Sengera rimwe ryose mu mazina ndwi washize ku rutonde.
- Senga ngo Mpwemu Yera abahe akaryo kadasanzwe ko gushinga intahe uyu musu.
- Senga kugira ngo Mpwemu Yera ayobore igikorwa c'Ishengero ku rwego rw'isi.

Murashobora kwifatanya n'abandi bizera bo kw'isi yose mw'isengesho ryo kuri Zoom (soma Zumu) muri iyi misi 40 y'amasengesho: <https://247unitedprayer.org>

UMUSI WA 2 4 RUSAMA 2022

UGUCA BUGUFI-KURONDERA- GUHINDUKIRA

“Maze abantu banje bitirirwa izina ryanje ni bicisha bugufi, bagasenga barondera mu nyonga hanje, bagahindukira bakareka ingeso zabo mbi, nuko nanje nzokwumva ndi mw'ijuru mparire ivyaha vyabo, nkize n'igihugu cabo.” 2 Ngoma 7:14

“Ukwihana, uguca bugufi, umutima umenetse n'impwemu ibabaye niyo mashikanwa Imana yemera” - Review and Herald, 19/12/1899

Ikibazo nkoramutima

Icaha ni kibi cane kandi giteye ubwoba ku buryo ata kintu na kimwe dushobora gukora, nta ciza na kimwe dushobora gukora ngo kizibire imanga yazanywe n'icaha. Ariko Imana mu kigongwe cayo kidashira, ntidusaba gukora ibitari mu bushobozi bwacu. Iremera gusa ukwatura kwacu kwiyoroheje ko tuyikeneye. Mbega murumva ko mukeneye ikigongwe c'Imana? Ko mukeneye ugukiza kwayo? Murashobora kubironka uyu musu! Ni muhindukirire Yesu gusa muri aka kanya mw'isengesho maze mwature ivyo mukeneye. Hitamwo kandi kwizigira ubutnu bwiwe bwihagije kugira ngo bukomeze intambuko zanyu mu gihe muhindukira muva mu kibi muhindukirira ubutungane.

Imitwaro yo gusengera

- Senga kugira ngo Imana ishira akatuzo kucipfuzo cawe gikomeye co kuronka ubuntu bwayo
- Senga kugira ngo Imana igufashe kwizigira ubushobozi bwayo bushikana ku ntsinzi mu ntambara zawe urwana ku musu ku musu ngo uneshe icaha.
- Senga kugira ngo Mpwemu Yera asukwe ku mupasitori wanyu no kw'Ishengero ryanyu.
- Senga kugira ngo impwemu y'amasengesho yuzure imitima y'abo bese bari mu bibanza vy'ubuyobozi.
- Senga kugira ngo Imana iringanze imigenderanire yononekaye mu buzima bwanyu mwipfuzako yosubizwa itoto kandi ibahe umutima wihana, uca bugufi mu gihe mugize uwo mukomeretsa.

Murashobora kwifatanya n'abandi bizera bo kw'isi yose mw'isengesho ryo kuri Zoom (soma Zumu) muri iyi misi 40 y'amasengesho: <https://247unitedprayer.org>

UMUSI WA 3 5 Rusama 2022

IKANGURA N'IVUGURURA- IMIBEREHO Y'IKIVANGE

“Ehe mpagaze ku rugu ndaramukije. Umuntu ni yumva ijwi ryanje akugurura urugi, ndinjira i we dusangire.” Ivyahishuwe 3 :20

« Iyangura n'ivugurura bitegerezwa kubaho kubw'igikorwa ca Mpwemu Yera. Iyangura n'ivugurura ni ibintu bibiri bitandukanye. Iyangura risigura ugusubiza itoto ubuzima bw'impwemu, ugushira akariro mu bushobozi bw'impwemu n'umutima, ukuzuka uva mu rupfu rw'ivy'impwemu. Ivugurura ni ugutunganya ibintu kundi gusha, ihinduka mu vyiyumviro, mu buryo bwo gutahura, akamenyero no mu mibereho. Ivugurura ntirizotanga ivyamwa vyiza vyo kugororoka mu gihe ridafatanijwe n'ikangura rya Mpwemu. Iyangura n'ivugurura bitegerezwa gukora igikorwa bijejwe kandi mu gukora ico gikorwa bitegerezwa kuvangana » - ISM, p.128

Ikibazo nkoramutima

Uguhindura ubuzima bwacu mu muntu yerekana urukundo rwa Kristo n'igikorwa c'ubuzima bwose. Ico gikorwa gikoreka mu gihe Mpwemu Yera atuzanye ku buzima bw'impwemu Ubushobozi bwo kuzura bw'Imana buratuzura maze inzara twagirira Yesu ikiyongera Ariko ivyo ntibigarukira aho. Ubwiza bw'ikangura ni uko ribandanya kandi rigashikana kw'ivugurura rya buri gace k'ubuzima bwacu, rya buri cyumviro na buri nyifato.

Mwoba kenshi mwipfuzaga ikangura gusumba ivugurura ? Mwoba mufise ubwoba ko muramutse muhevyeye icizerwa, uburyo bwo kwiyumvira, ingene ufata abantu canke umwifato, vyohava bigutwara umunezero ? Ko ivyo vyohava bituma ubuzima bwawe bumera nk'ubuzinganye ?

Ni mwibuke, iyo Mana nyene muzi nk'umuvyeyi aharira, akunda, mwiza kandi w'umunyakigongwe, iyo Mana nyene ishaka kandi kuzana ivugurura ry'ukuri mu buzima bwawe.

Mbega wokwizigira ubugombe bwayo butunganye uyu musu ? Wotumirira Yesu, atari ku rugu rw'umutima wawe gusa ahubwo ngo yinjire kandi yumveko yakiriwe nk'iwe, amarane ibihe vyiza nawe, agufashe gutunganya kundi gusha ubuzima bwawe, akure ibitagira ikimazi mu mutima wawe, aringanize ivyononekaye kandi akubure ubucafu, inkungugu hamwe n'ubuhoma bwazanywe n'icaha ?

Imitwaro yo gusengera

- Senga kugira ngo Imana iguhe umutima witeguye kubaho mu kwumvira mu buryo bushitse ubugombe bwayo. Senga ngo uronke intsinzi kuri ivyo vyaha uzi ukirwana na vyo.
- Sengera urwaruka rwose hamwe n'abizera muzi bariko bararwana no guta umutwe, ibibaboshe hamwe n'izindi ngorane z'uburwayi bwo mu mutwe
- Sengera abizera b'Ishengero ryacu mu Burayi bw'Ubuseruko, Imana ibatabare kandi Ihabwe icubahiro mu bihe vy'ingorane bariko baracamwo.
- Sengera abizera bariko baraca mu gahamo ku bwo kwizera kwabo muri kino gihe muri Aziya no mu Burayi.
- Sengera rwa rutonde rw'abantu ndwi

Murashobora kwifatanya n'abandi bizera bo kw'isi yose mw'isengesho ryo kuri Zoom (soma Zumu) muri iyi misi 40 y'amasengesho: <https://247unitedprayer.org>

UMUSI WA 4 6 Ruheshi 2022

IGISHINGANTAHE- Jarry Page

“Imisi 40 y'amasengesho hamwe na mukuru wanje Alan” cashikirijwe na Jerry Page

Mukuru wanje, Alan, akiri muto yari afise agatima k'ubukoko, yamaze igice kinini c'ubuzima bwiwe yarahevyeye Imana yarataye n'Ishengero. Ubuzima bwiwe bwo kwigungirako bwahavuye bwonona urugo rwiwe gushika n'aho umugore wiwe yahukana. Kuba yari yarize ivy'ukuvura vyatuma aronka amahera menshi, ariko yatakaza igice kinini cayo yaronka. Amaze kubibona uko, yahavuye agerageza kwitaho ivy'ishengero ariko uburyo bwiwe bwo kubaho hamwe n'akamenyero kiwe vyama igihe cose bimusubiza mu buzima butarimwo Imana. Umuryango wacu, n'abavyeyi bacu barimwo, wabandaniye gusenga kumara imyaka myinshi kugira ngo Alan yegurire burundu ubuzima bwiwe Yesu.

Ku gatasi mu 2010, umuhungu wanje w'umupasitori, Zac n'umugore wiwe Leah, bafashe ingingo yo gushira Alan ku rutonde rw'abantu ndwi bariko barasengera mu buryo budasanzwe mu misi 40 y'amasengesho kuri Kaminuza i Andrews. Ico gihe, nanje nariyumvisemwo cane

kumusengera kugira ngo yakire agakiza. Ibintu bitangaje vyatanguye kuba igihe Imana yemerako Alan aca mu bihe bitoroshe.

Ingorane zatanguye gushikira Alan. Umugore wiwe wa kabiri yaramuhevye maze ingwara y'igisukari yiwe iraduga cane bituma bamuca ukuguru. Ibintu vyose vyasa naho biriko biragenda nabi kuri we. Ariko umusi umwe, igihe yari aryanye ku gitanda co mu bitaro, Alan yaramvuriye ukuboko Yesu aramubwira ati: "Ndakweguriye ubuzima bwanje bwose." Twese twaciye dushimira Imana.

Umukobwa wiwe mwiza Christy, yarafashije Alan kwongera kwubaka imigenderanire yiwe n'Imana hamwe n'Ishengero. Yakije umuriro mu gushingira intahe abandi yongera atanga ibitabo kumara igihe kinaka. Ariko, nk'uko mubizi inkomezi za Satani ntiziheba vyoroshe na canecane iyo abonye ko hari umwe yari yaragize imbohe ariko aramucika agasanga Imana. Yasubiye kandi kurwa mu ngeso ziwe za kera, akinanata akongera akagwa, hanyuma ahereza kwiyumvamwo ko ari mubi cane ku buryo atabereye agakiza bituma aheba urugendo rwiwe rw'impwemu.

Umusi umwe Alan yambwiye ko yumva gusa ko atagishobora kuba yogira amahinduka akenewe kandi ko atoshobora kubana ubuzima bwose n'Imana. Nongeye gusabikanya nawe imirongo yo muri Bibiliya ivuga ku bushobozi bw'Imana bwo kudukiza kandi ndamwingingira kudaca aheba burundu. Namubwiye nti: «Umuryango wawe ntuzoshimishwa n'ivyo, kandi tuzobandanya tugusengera dushimitse. Yesu arashobora kugukiza!

Christy ntiyigeze ahagarika kumujana ahantu hari agasengero gato aho Alan yari akunzwe cane kandi nawe yarakunda umuvukano wabo. Christy yamwumvishije ko yoja gukurikirana ikarishabwenge ku vyerekeye ugukira Diabete. Yatubwiye atwenga ko yakuye muri frigo yiwe ivyo kurya vyonona vyose nk'uko bari babivuze kandi ko nta na kimwe gisigayeyo!

Kuwa gatandatu ku mugoroba, umuvugabutumwa wo mw'ishengero ry'intango yatanguye urukurikirane rw'ivyigwa vy'ivugabutumwa kandi na ka gasengero gato karagiye gukurikirana iryo vugabutumwa. Christy yarajanye Alan mw'ikoraniro rya mbere kuri uwo mugoroba. Ku mpera y'umuhamagaro, umuvugabutumwa yinginze abantu ngo bandike ku ma karata yabo ko boba bashaka kubana na Yesu mw'ijuru. Christy yavuze ko Alan ukwitanga kwiwe mu ndome nini cane - «Ndumviye kandi nongeye gutwikirirwa n'ukugororokwa kwa Yesu! »

Iryo joro nyene, Alan bamusanze yapfiriye mu gikoni kuberako yagize ikibazo imitsi yo mu bwonko igaturika. Mbega Imana dukorera! Yarategekanije uburyo bwo gukiza musaza wanjye Alan ku munota wanyuma w'ubuzima bwiwe! Alan yari afise imyaka 75 igihe yapfa; umuryango wacu hamwe n'abandi bari baramusengeye ubuzima bwiwe bwose!

Mwoba mwarasengeye umuntu haheze imyaka myinshi mukaba mutarigera mubona aza ku rusengero? Ntimucike intege bandanya!

Mu gihe nariko ndayobora ibikorwa vyo guherekeza Alan maze nkumviriza indirimbo zo gutazira zuzuye umunezero za ba bagore biwe babiri batandukanye nawe hamwe n'abakobwa biwe babiri bamukunda cane, hamwe n'imiryango ya hafi n'iya kure, abagenzi, abo bakoranye, umutima wanjye wuzuye umunezero mwinshi n'amashimwe kuri Yesu kubwo ubushobozi bwiwe bwo gukiza uwo ariwe wese yiteguye umwanya uwo ariwo wose! Abavyeyi banje bari barapfuye hari haheze igihe kirekire imbere y'uko Alan agaruka kuri Yesu. Mbega ingene

bazotangara muri ca gitondo c'umuzuko igihe bazohobera Alan maze bagatangura ubuzima bw'ibihe vyose bari kumwe na Yesu!

Ndabinginze ngo vy'ukuri mukoreshe iyi misi 40 y'amasengesho. Ni mwiyumvire gusa ico Imana yacu ihoraho ishobora kubakorera kandi binyuze muri mwebwe mu gihe muyishikiriza imitwaro yihutirwa! «Ishobora gukora ibirengeye ivyo dusavye n'ivyo twiyumvira, nk'uko ubushobozi bwayo bukorera muri twe!» Abanyefeso 3:20

Jerry Page n'umunyamabanga w'ishirahamwe ry'abapasitori muri Conferance Generale y'Abadvantiste b'Umusi w'Indwi.

Ikibazo nkoramutima

Hoba hari umuntu mu buzima bwanyu yugaraniwe mu mwiza w'umuzitanya? Canke kumbure hoba hariho umuntu muzi yahevyeye Imana, canke asa n'uwutagishobora kugumana na Yesu?

Hariho ivyizigiro kuri uyu muntu, nubwo vyose biboneka nk'aho nta vyizigiro bigihari. Kandi ntidutegerezwa guheba isengesho, tumusabira hamwe n'igikorwa kubw'agakiza k'abo bantu b'agaciro.

Ni nde aza mu vyiyumviro vyanyu iyo mwiyumviriye ku gishingantahe c'uyu musu? N'ayahe mazina akeneye isengesho ryanyu rya buri musu kandi mu buryo bubandanya?

Imitwaro yo gusegera

- Senga ngo Imana ikwigishe ingene “wohagararana n'abo babikeneye” muri iki kiringo c'imisi 40 y'amasengesho.
- Sengera abantu 7 washize ku rutonde kandi usengere ikindi kintu gikenewe cose woba uzi
- Senga kugira ngo haboneke ivyo kurya kuri abo baherutse gutakaza amazu yabo canke abantu babo bakunda biturutse ku muriro, imyuzurira, ikiza c'ingwara canke iyindi mpanuka iyo ariyo yose y'ibidukikije.
- Sengera abavugabutumwa bese muzi, bari kure y'iwabo canke kure y'imiryango yabo kugira ngo buzure akanyamuneza mu gikorwa cabo.

UMUSI WA 5 7 Rusama 2022

IMITWARO YO GUSENGERA KW'ISABATO

- Senga ngo uronke imihezagiro idasanzwe y'Isabato uyu musu kandi ngo Imana ivugane nawe mu buryo bw'umwihariko.
- Sengera abantu indwi washize ku rutonde rwawe
- Sengera ababanyu bawe batazi Imana
- Senga kugira ngo haboneke abakozi benshi buzuye Mpwemu kandi bitanze mu ruzabibu rw'Imana
- Senga kugira ngo Imana ibasabe gukora mu buryo bw'umwihariko mu gikorwa cayo.

UMUSI WA 6
8 Rusama 2022

IMITWARO YO GUSENGERA KU WA MBERE

- Sengera inama ya bose ya Conference Generale izoba kuva (6-11/06/2022) i St. Louis muri Leta Zunze Ubumwe za Amerika
- Senga ngo uronke akaryo ko gukurikirana no kwigisha wewe ubwawe abakristo bashasha.
- Senga ngo ubugombe bw’Imana buzokoreke mu matora y’abayobozi b’Ishengero yimirije hamwe n’itorwa ry’abayobozi bashasha.
- Sengera amasengesho azobera mu kibanza inama izoberamwo mu gihe c’inama n’amasengesho azokorerwa ku rubuga muri icyo gihe c’inama ya Conference Generale kugira ngo azokurikiranwe na benshi.
- Sengera abantu indwi washize ku rutonde.

Aho ushobora gusanga ibindi vyinshi

Kugira imibereho mu Mana binyuze mw’isengesho hamwe n’indirimo z’amashimwe, ingingo ngenderwako z’isengesho ryo gusabira abandi hamwe n’ibindi - Vyegeranijwe na Jerry hamwe na Janet Page.

Murashobora kwifatanya n’abandi bizera bo kw’isi yose mw’isengesho ryo kuri Zoom (soma Zumu) muri iyi misi 40 y’amasengesho: <https://247unitedprayer.org>

INDWI YA KABIRI : Kuva 9-15 Rusama
Icivugo : Igikorwa –Twese mu gikorwa

UMUSI WA 7
9 Rusama 2022

TWESE MU GIKORWA
Vyateguwe na Ted N.C. Wilson

Tubayeho mu gihe c’amahinduka atigeze kubaho. Imana ihamagarira ubwoko bwayo bw’amasigarira, Ishengero ry’Abadvantiste b’Umusi w’Indwi, gutegura inzira y’Umwami mu kwishimikiza mu buryo bwuzuye kuri we, mu kuronka ubushobozi bw’imvura y’urushana ya Mpwemu Yera hamwe no kugira uruhara mu gikorwa. Iki n’igihe c’ijwi riranga rya nyuma... itangazwa ry’ubutumwa bw’umumarayika wa mbere, uwa kabiri n’uwa gatatu. Kristo yaduhamagariye kuba ababivyi b’ijambo ryiwe kandi ngo tube twitangiye mu buryo bwuzuye igikorwa ciwe co mu misi ya nyuma co gutangaza ubutumwa butatu bw’abamalayika ba Kristo. Umwe wese muri twe ahamagarirwa kwifatanya n’umubivyi wo mw’ijuru Yesu Kristo, kugira ngo agire uruhara mu gikorwa c’ishengero co gutangaza ubutumwa bwa nyuma bw’urukundo, ubutungane, agakiza, no kugabisha kw’ubuhanuzi bw’imisi ya nyuma butangaza ukugaruka kwa Kristo kwegereje.

Umwe wese n'umubivyi... Umwe wese afise uruhara mu gikorwa! Umwe wese avuga ati: «Ego Mwami ndagenda gutangaza ijambo ryawe! » Ukwitangira igikorwa mu buryo bwuzuye kw'abizera bisigurako umwe wese ategerezwa kugira ico akorera Umwami! Nk'uko icivugo c'inama yacu rusangi ya Konferance Generale muri uyu mwaka wa 2022, «Yes'araje! Kuja mu gikorwa! »

Mariko 4 herekana Yesu abwira abantu ibihumbi vyinshi bari ku nkengera y'ikiyaga c'i Galilaya. Abamwumviriza bashobora kubona muri ico kiyaya hamwe no ku nkengera hakurya y'ikiyaga ababivyi hamwe n'abimbuzi bahugiye mu kubiba no mu kwimbura ivyimbura vya mbere.

Mariko 4 :3-9 havuga ngo: «Ni mwumve! Umubivyi yasohoye imbuto. Akibiba zimwe zigwa y'inzira inyoni ziraza zirazinobagura. Izindi zigwa kurutare hatari ivu ryinshi, zica zimera vuba kukw'atavu ryinshi rihari, izuba rirashe ziraraba kukw'ata mizi zifise ziruma. Izindi zirwa mu mahwa amahwa arakura arazinyoha ntizama. Izindi zigwa mw'ivu ryiza ziramera zirakura, zihunda impeke zimwe mirongwitatu, izindi mirongwitandatu, izindi ijana, bityo bityo. Kandi uri n'amatwi yumva ni yumve. »

Mariko 4:14 havuga ngo: «Umubivyi abiba ijambo ry'Imana. » Matayo 13:37 herekana ko umubivyi abiba imbuto nziza ari Umwana w'Umuntu, Yesu Kristo. Dutegerezwa kwifatanya nawe mu kugira uruhara mu gikorwa co kubiba ukuri. Imigani ya Kristo p. 36, havuga ngo: «Abakozi biwe bategerezwa gusohoka muri ubwo buryo ngo babibe. Umwe wese ategerezwa kugira uruhara mu gikorwa co kubiba Ijambo ryera ry'Imana mu ntumbero yo kwitangira igikorwa mu buryo bwuzuye ku bizera bo mu misi ya nyuma ya kahise k'isi.

Umurongo wa 15 uvuga ngo: «Abari iruhande y'inzira aho iryo jambo ribibwa, iyo bahejeje kwumva Satani aca aza uwo mwanya nyene akabakuramwo iryo jambo ryabibwe muri bo » Ijambo ry'Imana ry'agaciro kanini rigwa ku bantu ataco bitayeho nko ku nzira igumye itagira ivu.

Imirongo ya 16-17 ivuga ngo: «N'aba n'uko ni bo babibwe ku rutare iyo bumvise iryo jambo baca baryakirana umunezero, ntibagire imizi muri bo ariko bagahagarara umwanya muto, maze iyo badutsweko n'amarushwa bo n'akadenderezo bazira iryo jambo bica bibagwisha. Iyo mbuto ntishobora kuronka ivu rirerire ngo ishobore kumera. Kuko imizi ntiyinjira ngo ishike kure mw'ivu ryo gushikirana na Kristo buri musu, agahamo hamwe no kugeragezwa birayirandura. Imigani ya Kristo p.48 herekana ko: «Benshi biyumva ko bari kure y'Imana, barabona ko bari mu buja bishizemwo bo nyene hamwe n'ubw'icaha; baragira utwigoro ngo bivugurure ariko ntibashika ku kwibamba. Guma hafi y'Imana kandi ntiwemere kuba uwumviriza ameze nk'urutare.

Imirongo ya 18-19 «Abandi nabo babibwe mu mahwa ni bo bumva iryo jambo maze umwitwarariko w'ivy'isi n'uruhendo rw'ubutunzi no kwipfuzwa ibindi, iyo bibinjijemwo binyoha iryo jambo, rikaba ikirumbirane. Imigani ya Kristo p.50 havuga ngo: «Ubuntu bushobora gukomera gusa mu mutima wama wateguwe ngo wakire imbuto z'agaciro z'ukuri. Guma hafi y'Imana kubwo kwiga Bibiliya, kwiga Mpwemu w'ubuhanuzi hamwe n'isengesho ryamaho»

Umurongo wa 20 «Ariko izabibwe mw'ivu ryiza, abo nibo bumva iryo jambo bakaryemera, bagahunda impeke, umwe mirongwitatu, uwundi mirongwitandatu, uwundi ijana, bityo bityo. »

Imana ishaka ko twese tuba «abumva mu ntumbero nziza» bizigira ubutungane bwa Kristo kandi bakavuga bati: «Mwami Ndagenda» kubiba ijambo ryawe. Umwe wese ategerezwa kugira uruhara mu gikorwa ca nyuma gihambaye co kugabisha kandi c'ivyizigiro c'Imana. «Yes'araje! Kuja mu gikorwa!»

Ted N.C. Wilson President GC.

Ikibazo nkoramutima

Buri nsiguro twumva, buri canditse dusoma, Imana iba iriko ibiba imbuto. Kenshi na kenshi, biratera intege, ariko rimwe na rimwe bishobora kuba ikigoye, ariko turashobora kwizera ko ubushobozi bw'ijambo ry'Imana buzokora igikorwa categekanijwe mu mitima yacu no mubuzima bwacu mu gihe twokwemera ni kuvuga mu gihe twokwakira ijambo, tukarihekenya, tukarigumya kandi tugakora ico ritubwiye.

Intumbero yo kwakira ijambo ry'Imana no kureka rigahindura ubuzima bwacu ni iyo gushobora gusabikanya ubutumwa bw'inkuru nziza n'abantu batuzengurutse. Umubivyi wo mw'ijuru atugira abafasha biwe. Mbega muhava mwugurura imitima yanyu kugirango mwakire imbuto yiwe uyu musu? Urifanya n'abandi mu gikorwa co gusabikanya imbuto n'abo bose azoshira mu nzira yawe?

Imitwari yo gusengera

- Senga ngo utahure ijambo ry'Imana mu buryo bushasha kandi uronke umutima wugurutse kugira ngo ijambo ryongere ritumbereze kundi gusha ivyizerwa vyawe hamwe n'ivyo uha agaciro.
- Sengera bashiki bacu na bene Data bari Shanghai
- Sengera ishaka ry'abizera bacu bari muri Ikrene no mu Burusiya
- Sengera igitabo hamwe n'ikinyamakuru biheruka kwandikwa vy'umwihariko bigenewe abantu bo muri Ikrene kugira ngo ivyo bikoresho bidasanze bizobe akaryo keza kandi vyigishe imitima myinshi kubw'ubwami bw'ijuru.
- Senga kugira ngo umuhamagaro “Yes'araje! Kuja mu gikorwa!” uronke ikibanza ca mbere mu vyihutirwa mu buzima bwawe bwa buri musu.

Murashobora kwifatanya n'abandi bizera bo kw'isi yose mw'isengesho ryo kuri Zoom (soma Zumu) muri iyi misi 40 y'amasengesho: <https://247unitedprayer.org>

UMUSI WA 8
10 Rusama 2022
URI UMUCO

“Muri umuco w’isi. Igisagara cubatswe ku mpinga y’umusozi ntigishobora kunyegezwa. Ntawudomeka itara ngo aryubikeko igisimbo, ahubwo arishira ahabona ngo riboneshe mu nzu hose. Abe ariko umuco wanyu uboneshereza abantu bose ngo ni babona ibikorwa vyanyu vyiza bahimbaze so wo mw’ijuru”. Matayo 5:14-16

“Ikiremwa muntu nta mucu gifise muri co ubwaco. Tutari muri Kristo, tuba turi nk’ishashara ritagira urubeya... Ariko iyo duhindukiriye izuba ryo kugororoka, iyo tugiye mu migenderanire na Kristo, buri mutima wose umurikirwa n’ugukanyangana kuva ku Mana. Abigishwa ba Yesu bategerezwa kuba umuco hagati mu bantu. Ni umuco w’isi... Abamalayika b’ubwiza barindiriye gushikana umuco n’ubushobozi bw’ijuru ku mitima yiteguye gupfa binyuze muri mwebwe.” - Ivyiyumviro vyo ku musozi w’imigisha p.40

Ikibazo nkoramutima

Mbega mwasomye amajambo badusangije aha hejuru? Kumbure mwosubira mukayasoma. Murabona ko abamalayika barindiriye gukora binyuze muri mwebwe kugira ngo bashikire abantu bazimiye? Ntimubona ko ari ibidasanzwe?

Ntimutumirirwa kwuzura Mpwemu Yera gusa ngo bibe bibahagije, ariko mutegerezwa kugira uruhara rudasanzwe mu gusabikanya n’isi isigaje agahe gato ukuri hamwe n’ubutungane bwa Kristo.

Ni mwiyumvire ku miryango yanyu, abagenzi, ababanyi, abo mukorana. Saba Imana ibereke uwukeneye umuco wa Yesu mu buzima bwiwe. Ni nde mwotegerezwa gusengera kandi mukavugana nawe mu buryo bw’umwihariko muri iyi ndwi.

Imitwaro yo gusengera.

- Sengera mu buryo bwihutirwa abantu indwi washize ku rutonde
- Saba Imana igufashe kubona ubukene bw’abantu uriko urasengera kandi iguhe ubwenge kugira ngo ushobore kubafasha.
- Sengera ibigo vy’ubuvuzi vy’ishengero mu karere uherereyemwo hamwe n’ivyo mw’isi yose kugira ngo bibe umuco kubw’icubahiro c’Imana mu gushikira abakeneye gukira no guterwa intege.
- Sengera abizera bari mu ntambara muri Sudani mu gihe ivy’ubutunzi bitifashe neza n’imvura ikaba itagwa nk’uko bitegerezwa bituma ibiciro biduga n’umwimbu ukabura.
- Senga ngo Imana icagagure iminyororo igumije abantu benshi mu buja bw’ivy’impwemu

Murashobora kwifatanya n’abandi bizera bo kw’isi yose mw’isengesho ryo kuri Zoom (soma Zumu) muri iyi misi 40 y’amasengesho: <https://247unitedprayer.org>

UMUSI WA 9
11 Rusama 2022

SANGA UMURYANGO WAVE

“Ariko umuntu n’atungu abo mu nzu y’iwabo, canecane abiwe, azoba yihakanye ukwizera, kand’azoba abaye hanyuma y’utizera” 1Timoteyo 5 :8

“...Mutegerezwa kuba abantu biyubashe, bashimitse kandi badakebakeba mu gushitsa inshingano zo mu muryango wanyu hamwe no kubayoborera mu kwizera namba bishoboka. Ntakantu na kamwe gategerezwa kwirengagizwa ngo mubatahuze ko bakwiye kujana namwe mu rugendo rwanyu rwo kuja mw’ijuru. - Urugo rukristo, p.352

Ikibazo nkoramutima

Twese turafise abagize imiryango yo hafi canke ya kure batarishikanira Yesu ngo bafate ingingo yo kubaho mu bwizigirwa ku bwiwe. Canke kumbure boba barigeze gukurikira Yesu hanyuma bakaba barabihevy ubu bakaba basubiye inyuma. Kumbure bamwe bashobora kuba batemera ko Imana ibaho canke bakaba bafise izindi mpamvu zabateye gufata ingingo bafashe. Canke ntibarigera bagira amahirwe yo kwumva, gutahura no kubona mu buryo bwuzuye inkuru nziza mu majambo canke mubikorwa.

Mufise inshingano yo gukora uko mushoboye kwose kugira ngo murekere ikiganza mu burwaneza, mu bwitonzi bwinshi, mu bukerebutsi no murukundo rwinshi abo bagize imiryango yanyu, mukaberekako mubitayeko kandi mu gihe ciza mukabayoborera ku kuri no ku rukundo rwa Yesu.

Mbega muzokora biciye mw’isengesho ico gikorwa gihambaye co gusabira no kubwira ubutumwa abo bagize imiryango yanyu batizera, batari abadvantiste b’intakoreka ? Mbega muremera kuzokoresha ubwitonzi mu biyago vyanyu no mu migenderanire mugirana na bo ?

Imitwaro yo gusengera

- Sengera umuryango wawe. Hoba hari abo mu muryango wawe mufitaniye ibibazo ? Basengere mu buryo bw’umwihariko kandi nawe wisengere, mu gihe murondera uburyo bwo kubakorerera mu kubayoborera kuri Yesu binyuze mu majambo yanyu no mu bikorwa.
- Sengera abizera b’ishengero ryanyu basubiye inyuma
- Senga ngo Imana ihe abana banyu (canke abana banyu mu buryo bw’impwemu) inkomezi zo guhangana n’ibitero hamwe n’ubuhendanyi bwa Satani. Ishuza amasezerano ari muri Yesaya 49 :25 mu gihe usenga.
- Sengera umutekano no gushikama mu kwizera kw’abana banyu. Senga kugira ngo bumve umuriro wo kugira uruhara mu gikorwa ku giti cabo.
- Senga kugira ngo Mpwemu w’Imana asukwe mu buryo bw’inkomezi kubagize umuryango wa buri murongozi hamwe n’abakozi ba Conference Generale.

Murashobora kwifatanya n’abandi bizera bo kw’isi yose mw’isengesho ryo kuri Zoom (soma Zumu) muri iyi misi 40 y’amasengesho: <https://247unitedprayer.org>

**UMUSI WA 10
12 Rusama 2022**

GUSHIKRA IGISAGARA CAWE

“Mwipfurize amahoro igisagara ico natumye mwambukanirwamwo, mugisengere Uhoraho: Kuko kibaye amahoro namwe muzoba amahoro.”- Yeremiya 29:7

“Nongeye kwibutswa akamaro ko kwicira inzira mu bisagara binini binini. Haraheze imyaka myinshi cane, Umwami Imana atwingingira iyo nshingano, nyamara tubona utuntu duke gusa twaranguwe mu bisagara binini binini bihuriramwo abantu. Ni tudakora ico gikorwa mu buryo butomoye neza, Satani azogwiza ingorane bizohereza kutugora kuzirengana. Twaracerewe cane mu gikorwa caterezwa gukorwa muri ivyo bisagara haraheze igihe kirekire. Igikorwa noneho kizoba kigoye cane gusumba uko vyari kumera iyo tuba twaragikoze mu myaka iheze. Ariko ni twasubira kuvyura igikorwa mw’izina rya Yesu, intambanyi zizokurwaho kandi tuzoshika ku ntsinzi zitavuguruzwa.”- Ministère pour Villes, p.25

Ikibazo nkoramutima

Igice kinini c’abantu kw’isi baba mu bisagara. Mu gihe dutegerezwa gusaba Imana ngo itwereke ni ryari bizoba ari ngombwa ko tuva mu bisagara ngo tuje mu misozi, ntidutegerezwa na gato kwirengagiza igikorwa mu bisagara. Ama miliyaridi y’abantu yaguye mu mitego yo kutigenga ntavyizigiro bakigira, urwamo, ibisamaza, uburyo bwo kubaho mu bisagara ivyo vyose birababoshe.

Senga kugira ngo Imana ibahe umutwari w’igikorwa mu bisagara. Kumbure ibahamagarira gutanguza ikigo gikwegakwega abantu « Centre d’Influence » canke ishira hamwe rishimikiye kw’ivugabutumwa kugira ngo mushobore gushikira imitima yazimiriyeye mu bisagara vyo mw’isi. Canke kumbure irabahamagara, mwebwe hamwe n’ishengero ryanyu ngo mwitange mu guhimiriza mushikira umuntu ku giti ciwe binyuze mu gikorwa co gufasha mukorera abantu baba mu bisagara vyanyu.

Kuber’iki tutosaba Imana ngo itwereke ingene twokorera neza abantu bo mu gisagara cacu canke bo mu kibano ?

Imitwari yo gusengera

- Senga kugira ngo igisagara canyu kibe amahoro. Senga kugira ngo ubutumwa bwiza busayangane mu gisagara canyu binyuze muri mwebwe canke mw’ishengero ryanyu.
- Sengera umukuru w’igisagara canyu hamwe n’abandi bayobozi mu vy’intwari. Senga kugira ngo nabo bakire agakiza kandi Imana ibahe ubwenge bubereye umurongozi mwiza.
- Sengera ibisagara bitarashikwamwo n’ubutumwa bw’Abadvantiste kugira ngo Imana ihagurutse abakozi kubw’ico gikorwa.
- Sengera uturere dutuwemwo n’abantu benshi kw’isi, igikorwa mu bisagara hamwe n’ibigo bikwegakwega vyubatswe mu bisagara ubutumwa bw’Abadvantiste butarashikamwo bikwiragiye mw’isi. Senga kugira ngo benshi bazanwe kuri Yesu.
- Senga kugira ngo abayobozi b’ivyo bigo bagire ubwenge bubereye bubashoboza guteza imbere ubwami bw’Imana.

Murashobora kwifatanya n’abandi bizera bo kw’isi yose mw’isengesho ryo kuri Zoom (soma Zumu) muri iyi misi 40 y’amasengesho: <https://247unitedprayer.org>

UMUSI WA 11
13 Rusama 2022

IGISHINGANTAHE : « KUMOTA NK'UMUMARAYIKA »
Vyateguwe na Sebastien Braxton

Mu gihe nariko ndakomanga ku rugi, umukenyezi w'imyaka igereranye kandi afise akabiri gato yaruguruye kugira ngo andamutse. Natanguye kumusigurira ko nariko ndavuga ubutumwa ku nzu ku nzu ngurisha ibitabo vy'ijambo ry'Imana. Yaciye ampagarika bidatevye ambaza namba nari gushobora kugaruka bukeye. Yaboneka nk'aho yoba adatekanye afise ingorane z'ibigumbagumba. Nishimikije ivyo maze kunyuramwo mu gikorwa narishuye nti: «Muvyeyi, kenshi ntudukunda kugaruka. Ni kuvuga ko namba mwumva nta muhamagaro wo kutwakira, ni vyiza cane. Turafise ibitabo bimwe bimwe dushobora kubaronsa ku ma Dollari yababa 10 canke 20... » Nubwo nyene yaranse kwumviriza ivyo nariko ndavuga ambwirako nogaruka umusi ukurikira. Naremeye nkoresha kuduza umutwe kandi ndamusezeranira ko nzogaruka. Umuryango uca uriyugara mu buryo bunyarutse.

Nubwo nari nanse kwumvira ijwi rya Mpwemu, nahavuye nsubira iwe. Imbere y'uko mpeza gukomanga urugi rwacye rwiye gururura maze antumirira kwinjira mu nzu kugira ngo ndindire mu gihe yari akiri mu gikoni. Numva ntakekeranya ko ari ugutakaza umwanya wanje ku buryo mu gusubirayo ntajanye ibitabo vyose nari natwaye umusi wari urenganye. Numvise nicujije impamvu nafashe ingingo nk'iyi. Aho nari ndi narashobora kubona urupapuro rwa Banke (chèque) iriko umukono ariko ata bitigiri vy'amahera biriko. Ivyo vyasigura ko yiteguriye kugura ibitabo yari akeneye kumenya gusa ibiciro. Natanguye gusaba ikigongwe Mpwemu Yera kubwo ukutizera kwanje.

Agarutse, yarabonye ibitabo nari nashize ahabona maze aravuga ati : « Ndagura ibitabo vyose mufise ni mwashobora kunyishura ikibazo ngira ndababaze. »

Numvise binkozeko ariko ndishura nti « Ntakibazo baza ikibazo cose ushaka !»

« Woba uri umumarayika » niko yambajije.

Nazunguje umutwe wanje ndahakana nti : « Oya muvyeyi, sindi umumarayika. »

Yongera ambaza mw'ijwi ryongorera ahumaguza cane ati : « Urazi neza udatekeranya ko utari umumarayika?»

Ndamwishura mwenyura nti : « Ego ndabizi neza. Murashobora kubaza Mama wanje azobikubwira.» Maze ndamubaza akabazo k'amatsiko nti : « None kubera iki wambajije ivyo?»

Inyishu yampaye yahinduye rwose uburyo bwanje bwo gutahura ingene Imana ikorana natwe mu gihe tugize uruhara mugikorwa kugira ngo idukoranirize hamwe. Uwo mukenyezi yambwiye ko haheze umwaka, yarose inzozo muri izo nzozi yashoboye kuyaga n'umumarayika ariko ntiyashoboye kubona mu maso hiwe kuko yari yitwikiriye umuco mwinshi. Igihe yikangura, yiyumvira ko zari indoto gusa, yaricaye maze abonako wa mumalayika yari mu marambirizo y'igitanda ciwe ! Ubwo nyene umumarayika yaciye aguruka anyuze mw'idirisha, anyarutse rwose wa mugore yagiye kwidirisha kugira ngo ashobore kumwitegereza ariko ntiyavunze. Mu gihe yinjiza umutwe munzu akamoto kadasanzwe karumvikana hose mu nzu.

Ako kamoto kari keza cane ariko ntiyari akamenyereye. Yaciye atangura kugira ubushakashatsi kugira amenye inkomoko y'ako kamoto. Ikintu cose yaracimotereza. Amazi, amavuta yo kwisiga, ivyatsi, umuti uhumanura ikirere, igitoro, akamoto ako ariko kose yarakumviriza kugira ngo yumve ko gahurirana na kakandi ariko ntiyigeze akaronka. Nta kamoto na kamwe kahurirana n'ako k'umumarayika. Gushika igihe nashitse ku rugi rw'inzu yiwe. Uwo mukenyezi yambwiye ati : « Wari ufise ako kamoto! Narataye ubwenge, numva ubwoba ari ho nagusavye ko wogaruka bukeye. Nibwiyeko ni waba uri umumarayika w'Imana wategerezwa kugaruka kuko utari kubesha.

Kandi vy'ukuri nahatswe kutagaruka ! Nahatswe kwibuza amahirwe yo kugira uruhara mu gutangaza igikorwa c'Imana mu gutakariza umutima wanje mu vyo twama duhura na vyo mu gikorwa.

Yarabandanije avuga ati : « N'ubu nyene ako kamoto muracagafise. » Twasengeye hamwe maze turahoberana, maze aca asaba ko yokurikirana ivyigwa vya Bibiliya.

Nk'akarorero ka Koroneriyo wa kino gihe (Ivyakozwe n'Intumwa10), Imana itegura umuntu muri uwo mwanya kubwanya. Nizerako Imana yashize ayo mavuta ngaho umwaka wose imbere y'igihe kugira ngo azokwemeze ubushobozi bw'ijuru bw'uyu azoba yongeye kugira akamoto kayo. Ikinezereje n'uko Imana itarobaniura abantu ku cubahiro kandi izokorana n'uwo wese yiteguye kwitanga kubw'agakiza k'abandi. Namba mwoba mwiteguye kwumvira uburongozi bwa Mpwemu Yera kandi mukaba mwiteguye gukorana n'ijuru gutyo « muzomota nk'umumarayika » ku mutima Imana yateguye ngo wakire ubuntu bwayo n'agakiza kayo.

Ikibazo nkoramutima

Iyo twitanze ngo dukoreshe n'Iamana, izotunganya imyanya myiza yo kwakirwa itazoba gusa umugisha ku muntu tubwiye ubutumwa ariko kandi bidutera intege natwe mu rugendo rwacu tugendana na Yesu. Nta kintu kinzereje nko kugendana na Yesu kandi ko mu gikorwa tugiyemwo yatwitangiye imbere agakora mw'izina ryacu mu gihe twifatanyaga nawe mu kuzana imitima kuri we.

Ni ryari aho muheruka gusenga bwa nyuma musaba Imana ngo ibahe akaryo ko gukorana nayo ? Kuki mutoheba umwanya wanyu, abo mugendana, namwe ubwanya ngo mwihebe kugira ngo mwiyegeye Kristo uyu mwanya, kandi mumusabe abakoreshe kugira ngo mushikire umuntu akeneye Kristo uyu musu ?

Imitwaro yo gusengera

- Senga kugira ngo Imana igutegekanirize imyanya yo gukorana na yo uyu musu no muri iyi mpera y'indwi.
- Senga Imana iguhe umuntu mwosabikanya ivyigwa vya Bibiliya kandi yirukane ubwoba bwose bwo gusabikanya ivyigwa n'abandi
- Sengera bene Data na bashiki bacu mu Bushinwa, bari mu ntambara y'ugutotezwa kubw'ukwemera
- Sengera abizera bakozweko n'imyuzurira yabaye mu gisagara ca Durban (Durubani) muri Afrika y'epfo no muri Filipine

- Sengera abantu indwi washize ku rutonde rwo gusenga. Senga kugira ngo uronke uburyo bwo kubashikira

UMUSI WA 12 14 Rusama 2022

IMITWARO YO GUSENGERA KW'ISABATO

- Sengera abarongozi b'Ishengero bazoja munama rusangi (Session) ya Conference Generale izobera I Saint- Louis, Muri Leta zunze ubumwe za Amerika, (kuva 5-11/6/2022) baronke ubwenge buva ku Mana.
- Sengera abantu bo muri Ikrene, na cane cane abizera b'Ishengero bari mu duce twakozweko n'intambara cane. Senga kugira ngo babe umuco ukayangana ku bantu bariko barababarira aho baherereye.
- Senga kugira ngo Mpwemu Yera asukwe ku gikorwa co kuvugisha ubutumwa ibitabo mw'isi yose. Senga kugira ngo ube umuryango uzoyoborera abantu benshi kuri Kristo.
- Sengera impunzi zo mu gihugu ca Afganistani (**Afuganisitani**) bahungiyeye mu gihugu hagati
- Senga kugira ngo Imana igire ico ikora kw'iduga ry'igitoro n'ibiciro vy'imfungurwa na cane cane muri Perou (**Peru**) aho bamaze gufata ingingo zo mubihe bidasanzwe. Senga kugira ngo Imana ishike ku bantu bayo ibaronse ivyo bakeneye nk'uko ubutunzi bwayo buri n'ubwiza bwayo.

UMUSI WA 13 15 Rusama 2022

IMITWARO YO GUSENGERA KUWA MBERE

- Sengera abantu indwi washize ku rutonde
- Sengera abantu bafashijwe mu gihe c'integuro yiswe Pathways to Health muri Ndamukiza i Indianapolis. Senga kugira ngo imbuto zateragiwe zishinge imizi.
- Senga kugira ngo Imana itegurire ishengero ryayo n'abarongozi baryo isukwa rya Mpwemu Yera.
- Sengera abazokurikirana amasengesho mu gihe ca Session ya Conferance generale kugira ngo benshi bazohezagirwe, abazoyitabira bazokwakirwe kandi bose bazosubizwe itoto igihe bazoza gusenga.
- Sengera amasengesho yuguruye amasaha 24 kuri 24 aza yaratanguye aho benshi bahurira kuri Zoom (soma Zumu) kugira ngo basenge muri iyi misi 40 y'amasengesho. <https://247unitedprayer.org>

Murashobora kwifatanya n'abandi bizera bo kw'isi yose mw'isengesho ryo kuri Zoom (soma Zumu) muri iyi misi 40 y'amasengesho: <https://247unitedprayer.org>

INDWI YA 3: 16-22 Rusama 2022
ICIVUGO: IJAMBO

UMUSI WA 14
16 Rusama 2022

UBUSHOBOZI BW'IJAMBO
Vyateguwe na Sikhu Daco

Hari haheze umusi umwe wuzuye w'igikorwa co kwigisha kandi Yesu yari arushye. Abamwumviriza ntibari babiciye n'ikanda, ariko uwariko aravugana na bo uwo musu yari Jambo uwaremye vyose mbere na mbere. Yamara, ubushobozi bw'amajambo yiwe ntibwashobora kwigaragaza kiretse gusa kuri abo bahisemwo kugerageza ukwizera muri uyo atanga ubugingo. Umutware w'ingabo z'ijuru noneho aruhishijwe n'ibikorwa vyiwe, yifashishije abigishwa biwe ngo bamufashe kujabuka ashike hakurya y'ikiyaga. "Amaze kurungika ikoraniro, bamujana mu bwato yahoze mu" –Mariko 4:36

Haje igihuhuta giturumbuka mu gihe abigishwa bariko barajabuka kandi nubwo bari abahinga mu gusozza ubwato ndetse muri icyo kiyaga nyene, ntibashoboye kugira icyo bakora ngo gihindure ibintu. Utwigoro twabo twose twaberetse ko ubwenge bwa muntu bwashitse aho bugarukira maze bibuka ko Yesu ari kumwe na bo mu bwato noneho baramutabaza bati: "Mwigisha, dutabare: Turapfuye" Matayo 8:25

Ni kw'itegeko rya Yesu bashize ubwato mu kiyaga ngo bajabuke hakurya, ariko basa naho bari bibagiye ko yari kumwe na bo mu bwato. Bari muri icyo gihuhusi kuko bahisemwo kwumvira itegeko rya Yesu, ariko bitwaye nk'aho umenga biri mu nshingano zabo ubwabo gushira mu ngiro itegeko. Mu gutangura urugendo bari kumwe na Kristo kandi bumviye ijambo ryiwe, noneho bikora ku nguvu z'abantu kugira ngo bashire mu ngiro icyo ijambo ryiwe ryategetse.

Mu kwishura kw'ijambo ry'Imana rivugana n'ubuzima bwacu, benshi batanguye urugendo rwabo rw'ubukristo. Yamara biroroshe cane guca twikora ku nkomezi zacu kugira ngo tugerageze guheza urugendo. Ariko Imana ntiyigeze itegekanya ko vyogenda gutyo. "Nuko nk'uko mwakiriye Kristo Yesu Umwami wacu, abe ariko mugendera muriwe. » (Abakolosayi 2:6)

Ubushobozi bwo gushigikira imibereho yacu y'ubukristo ni bwa bundi bwaduhindura ubwa mbere kandi bushinze imizi mw'ijambo ry'Imana. Abigishwa bari kuba bakingiwe kugira ubwoba icyo baza kwibuka ko icyo Ijambo ryayo rigutegetse, Ijambo ryayo rirakurinda.

Avuye mw'itiro ryiwe rituje hagati muri icyo gihuhuta, Yesu yavuze ati: «Hora, tekereza. Umuyaga uraca haba agahwekere rwose. » (Mariko 4:39). Ni koko, ibintu vyarumviye ijambo ryiwe! Iyo aba atasenze abadayimoni (Mariko 1 :23-27), ngo akize abarwayi (Mariko 1 :30-34; 2:3-12; 3:1-5), ngo abe yaramaze gukiza abanyamibembe! (Mariko 1 :40-42) Abigishwa «ntibatangajwe n'inyigisho yiwe kuko yabigisha nk'uwufise ubushobozi atari nk'abigisha b'ivyagezwe» Mariko 1:22! Ariko ntibari barigeze batahura ingene ijambo ryiwe rihambaye!

Igihe Yesu yavugaga, amajambo yiwe yashizwe mu ngiro mu buryo bugaragara. Ivyo ategutse vyose mw'ijambo ryiwe, yasezeranye kubishitsa mu buzima bw'abo bose bashira ukwizera kwabo muri we. Gutyo bivugwa ngo: «Nk'uko ubugombe bw'umuntu bukorana n'ubugombe bw'Imana, na bwo buhinduka ubushobozi. Ivyo vyose dukora kubw'itegeko ryiwe bishobora

gushirwa mu ngiro kubw'inkomezi ziwe. Ivyari vyarananiranye vyose abihindura ivyoroshe. » (Imigani ya Kristo p.331-333). Mbega hasigaye iki ngo dufate ingingo mu gihe twokwemerera Ijambo ryayo rigakora igikorwa caryo mu buzima bwacu.

Ikibazo nkoramutima

Nk'ibiremwabantu, mu buryo busanzwe twizera ivyiyumviro vyacu bwite n'ingene tubona isi imbere yuko twitaho amakuru avuye ahandi. Ubwibone bushobora kutubuza kubona no kwumva amakuru ahambaye ashobora kudukubura. Ariko igihe duhebeye Yesu ubuzima bwacu, Mpwemu adushikana kugira amakenga kuvyiyumviro vyacu, uburyo twahora dutahura ibintu, ndetse n'ivyo twahora twizera mu gukayanganisha kuri vyo umuco w'ukuri kw'Imana nk'uko wagaragajwe mw'ijambo ryayo. Urufunguruzo rukomeye mu gukura muri Mpwemu ni kureka uwo muco ugakayanganira vyukuri kuri twebwe maze ukayobora inzira zacu mu kumara umwanya w'agaciro dusoma, twiga dusenga twishimikije ijambo ry'Imana- Bibiliya mu buryo bwamaho.

Haheze igihe kingana iki aho muheruka gufata umwanya atakibirukanza kandi atakibaciramwo mukinjira mw'ijambo ry'Imana maze mukareka ukuri kwaryo kudasanzwe kukamurikira ubuzima bwanyu?

Kuber'iki mutogabanya umwanya mumara ku mamashini yanyu maze mugategekanya umwanya wamaho kugira ngo mwigere ijambo ry'Imana mu buryo bwimbitse? Ntaco bitwaye incuro mwoba musoma canke mwiga. Urufunguruzo ni uguhekenya vy'ukuri amajambo canke inkuru mwasomye gushika aho ingingo ngenderwako zayo zihindura ubuzima bwanyu maze zikazana umuco ukinjira mu buzima kandi ukaba witeguriwe gushirwa mungiro.

Imitwaro yo Gusengera

- Senga kugira ngo utsinde ibisamaza biva ku matelefone yawe canke ku mashini nyabwoko (ordinateur)
- Senga kugira ngo ukingirwe ubwaku bubi bw'abakorana n'amadayimoni bakoresha ubuhinga ngurukana bumenyi
- Senga kugira ngo umuryango wacu w'Ishengero kw'isi yose uronke inkomezi ziva ku bushobozi bw'Imana bwo guhomvugura imigwa/ ukutidegemvya/ ibisamaza kugira ngo dushobore guhinduka igisirikare gikomeye Imana yasezeranye.
- Senga kugira ngo umenye ingene wohindura amasengesho y'umuryango ya buri musu ikintu c'ingenzi.
- Sengera abantu indwi washize ku rutonde kugira ngo baronke intsinzi kandi bamenye umunezero wo kumarana umwanya na Yesu.

Murashobora kwifatanya n'abandi bizera bo kw'isi yose mw'isengesho ryo kuri Zoom (soma Zumu) muri iyi misi 40 y'amasengesho: <https://247unitedprayer.org>

**UMUSI WA 15
17 Rusama 2022**

IJAMBO-INKOTA

« Kukw'ijambo ry'Imana ari rizima rifise ubukuba rifise ubugi buruta ubw'inkota zose rikinjira n'aho ritanya ubugingo n'impwemu rigatanya ubugingo n'impwemu rigatanya ingingo n'umusokoro risuzuma ivyo umutima wiyumvira ukagabira.» - **Abaheburayo 4 :12**

« Bibiliya ishobora kwigwa nk'uko umuntu yokwiga igisata c'ivyigwa vyerekeye ikiremwa muntu, ariko ubwiza bwayo, ikimenyamenya c'ubushobozi bwayo bwo gukiza umutima wizeye, ni icigwa kitigeze cigwa. Niba ugushira mu ngiro ijambo ry'Imana bidashizwe mu buzima bwacu, ubwo rero inkota ya Mpwemu ntiyakomerekeje umutima wa kamere. Wakingiwe n'inkuru z'ibikino zo kwiryohera zinyura amatwi. Ibigumbagumba vyarafunitse umutima ku buryo utigeze wumva ubukuba bw'inkota bwinjira kandi bugasambura ingoro y'icaha aho inariye yahora isengerwa ».-**Notre haute vocation 203**

Ikibazo nkoramutima

Bibiliya yuzuyemwo ivyizigiro. Irimwo ivyo dukenera vyose. Inkuru nziza y'agakiza yarashikirijwe mu buryo butomoye umusomyi. Ariko ivyo bintu vyose vy'agaciro biri mw'ijambo ry'Imana ntaco bimara mu gihe bitanyuze mu vyiyumviro vyacu ngo bishike mu mitima hanyuma ngo bishirwe mu bikorwa vyacu. Gutahura amasezerano yo mw'ijambo ry'Imana bizodushoboza gushira mu ngiro ivyanditswe. Iyo nzira irashobora rimwe na rimwe kuba ibabaza, ariko muzirikane ko ariyo irimwo akarusho kandi izobashikana ku kunezererwa vyimbitse incuti yanyu Yesu hamwe n'ukuri kwiwe. Mbega coba ari icipfuzo canyu, uyu musu, kureka ijambo ry'Imana rikinjira mu mutima, rigakuramwo ibibonona vyose kandi rigakiza ubuzima bwanyu ?

Imitwaro yo gusengera

- Senga kugira ngo Imana ivugane nawe mu buryo butomoye binyuze mw'ijambo ryayo uyu musu.
- Senga ngo ugire ivyizigiro bishitse n'umutima wipfuzza kuronka inkota ikarishe y'ijambo ry'Imana nubwo ikata.
- Senga ngo abahindura Bibiliya n'ibitabo vya Mpwemu w'ubuhanuzi mu zindi ndimi baronke ubushobozi bwa Mpwemu Yera ku rugero rushitse.
- Senga kugira ngo Imana ihindure umwe wese umuvugabutumwa akoresha ibitabo kandi dutange « Glow Tracts» canke ijambo ry'igihe kuri abo bose barushe.
- Senga kugira ngo amashure yacu n'ibigo bigishirizamwo babe abizigirwa kw'ijambo ry'Imana no kugikorwa cabo mu rwaruka rwacu.

Murashobora kwifatanya n'abandi bizera bo kw'isi yose mw'isengesho ryo kuri Zoom (soma Zumu) muri iyi misi 40 y'amasengesho: <https://247unitedprayer.org>

UMUSI WA 16
18 Rusama 2022

IJAMBO RITUNGANYA

« Ivyanditswe vyose vyahumetswe n’Imana, kandi bigira ikimazi co kwigisha umuntu no kumuhana no kumutunganya, no kumutoza indero nziza mu kugororoka.» - **2Timoteyo 3:16**

« Ubuzima bw’Imana, buha isi ubuzima buri mw’ijambo ryayo. Kubw’ijambo ryayo Yesu yakijije abarwayi yongera asenda abadayimoni. Kubw’ijambo ryayo yacecekesheje ikiyaga azura abapfuye kandi abantu bashinga intahe yuko ijambo ryiwe ryari rihambaye. Yavuze Ijambo ry’Imana nk’uko yaribwiye abanditsi ba Bibiliya bose bo mw’isezerano rya kera. Bibiliya yose uko yakabaye n’ukwigaragaza kwa Kristo. Ni yo soko yacu yonyene dukuramwo inkomezi. » –**Gospel Workers p.250**

Ikibazo nkoramutima

Mbega s’igitangaza kubona Bibiliya- Ijambo ry’Imana -iboneka nk’igitabo gisanzwe c’inyandiko za kera ? Yarahumetswe, bisigurako Imana yagize uruhara ruboneka kugira ngo ifashe abanditsi b’abizigirwa gushira ivyiyumviro vyabo bahumekewe n’Imana ku mpapuro. Ubushobozi bwayo bwo gutanga ubuzima no kubuhindura ngo buzuke, busubire itoto, bucungurwe, bunyegejwe muri ayo majambo. Ariko bukoreshwa no kwizera.

Mbega murizera vy’ukuri ico Imana ivuga mw’ijambo ryayo ? Ni ryari muheruka kwizera ijambo Imana yavuze ko ari ukuri kandi mukizerako ivyo yasezeranye izobishitsa nubwo ibigumbagumba vyanyu vyoba vyababwira igihushane ? Mbega woreka ijambo ry’Imana rikagusubiza ubuzima kandi rigasubiza itoto umutima wawe uyu musu ?

Imitwari yo gusengera

- Senga kugira ngo uronke inkomezi zo kuronka ukwizera amasezerano y’Imana kandi ngo ntimureke ngo mutwarwe n’ugukekeranya hamwe n’ubwoba.
- Ishuriza amasezerano yo mw’ijambo ry’Imana ba bantu indwi bari ku rutonde rwawe
- Senga kugira ngo urukundo rwa Kristo hamwe n’ukuri kwo mw’ijambo ry’Imana bironke umuryango vyinjiranamwo mu bihugu bitarashikwamwo n’ubutumwa bw’Abadvantiste.
- Sengera abizera bariko baraca mu gahamo gakomeye kubera ukwizera kwabo, mu buryo budasanzwe abo mu Burusiya, Ubushinwa, no mu bihugu vyo mu bihugu vy’Uburayi.
- Sengera abantu bafashe ingingo yo kubatizwa kuva intambara zatangura muri Europe y’ubuseruko (Uburayi bw’Uburuseruko). Senga kugira ngo ingingo bafashe bayishikameko kandi n’abandi bame bafata ingingo nk’iyo.

**UMUSI WA 17
19 Rusama 2022**

IJAMBO – UMUCO

« *Ijambo ryawe n'itara rimurikira ibirenge vyanje n'umuco umurikira inzira yanje* ».- **Zaburi 119 :105**

« *Uwaronse umushwarara wa mbere w'umuco yarungikiwe, maze akagendera muri wo, agahuza ibikorwa vyiwe n'ijambo ry'Imana, azorushirizaho kuronka umuco. Uwugendera mu mucu nk'uko awuronse, atarindiriye ko amakenga yose akurwaho, ko ibidatahuritse vyose ngo bitahurike, azobandanya inzira yiwe kugira ngo amenye Imana. Kuri we, umuco uzogenda urushirizaho kuzosayangana gushika ku musi wera. Inzira yiwe izomurikirwa uko azotera yegera imbere. Ijambo ry'Imana rizoba itara rimurikira ibirenge vyiwe n'umuco umurikira inzira yiwe* ». - **Signes des Temps 17/09/1902**

Ikibazo nkoramutima

Woba wibuka wa musi aho wegurira Yesu ubuzima bwawe ukamuha umutima wawe ? Canke ca gihe aho insiguro yabwira umutima wawe ? Canke cagihe aho ugusoma inkuru canke igisomwa co muri Bibiliya vyagutahuje vy'ukuri ?

Ijambo ry'Imana rirahambaye. Umuremyi- urugero ruhambaye. Yamara, dusa n'aho bitugora kumureka ngo akorere igikorwa ciwe mu buzima bwacu. Twirukira ku kugira ivyizigiro mu bushobozi bwacu bwite, mu bwenge bwacu, mu gutahura kwacu, aho kugira ivyizigiro mu masezerano yiwe yo muri Bibiliya kandi ngo dutegere ubukiriro ku mucuzi ava mw'ijuru ashigikiye ayo masezerano- Imana Umuremyi Mushobora vyose yama yiteguriye kuruta uko mushoborza kuvyibaza gushitsa mu buryo bwuzuye amasezerano yiwe mu buzima bwanyu. Mbega muzomureka akore ico gikorwa mu buzima bwanyu ? Mbega murashaka kwongera kwakira ijambo ryiwe kundi gusha uyu musi, mukaryizera kandi mukamureka ngo akore ivyo yavuzeko yokora ? Muremerera ijambo ryiwe ribe vy'ukuri umuco ku nzira yanyu ?

Imitwari yo gusengera

- Sengera abantu indwi washize ku rutonde
- Senga ngo Imana igufashe gutahura neza ijambo ryayo muzosabikanya na ba bantu indwi muriko murasengera.
- Senga kandi mwishuze amasezerano yanyu ari muri Bibiliya kugira ngo mushimikishe amasengesho yanyu
- Senga kugira ngo twebwe nk'Ishengero, twige ijambo ry'Imana kandi dusenge nk'uko bitigeze kugira ngo imvura yanyuma ishike.
- Sengera Myanmar mu gihe ugushiranako kw'imirwi ipfa ubutegetsi kwiyongera. Senga kugira ngo habe igihome gikingira abizera kandi bashobore kubandanya bashikamyemba mu kwizera no mu bihe vy'akajagari n'intambara.

Murashobora kwifatanya n'abandi bizera bo kw'isi yose mw'isengesho ryo kuri Zoom (soma Zumu) muri iyi misi 40 y'amasengesho: <https://247unitedprayer.org>

**UMUSI WA 18
20 Rusama 2022**

IGISHINGANTAHE: INSHINGANO YO KUBWIRIZA IJAMBO

Vyanditswe na Israel Ramos

Nari umunyeshure muri Lycée (Lise) nkavugisha ubutumwa ibitabo mu gisagara ca Maine (Meyine). Kenshi kuwa gatandatu twaba dufise akaruhuko nk'imisi umuntu yakoresha uko agomvye, ariko abandi bari bafise integuro nk'iyacu wari umurwi ugizwe n'abanyeshure bakuze bagurisha ibitabo bizimye cane. Uwo murwi warimwo abantu bakora kuwa gatandatu (Vendredi) kugira ngo baronke amahera yiyongerako. Nishimiye akaryo ndonse ko kumarana umwanya n'umurwi witaweho na benshi, nafashe ingingo yo gukurikira. Nasavye umuryango mu kugerageza kwerekana ko nanje nabaye umugendanyi mu gihe uwo twari kumwe yagerageza kugurisha ku miryango yose yashikira. Inyuma y'amasaha makeya mbona ko nabishoboye twarahindukiye dutaha i muhira. Ni ho numvise insiguro ntari bwigere numva yari igiye guhindura ubuzima bwanje uhereye ubwo.

Umuhisi CD. Brooks yari kw'iradio amajwi yayo yasohoka binyuze mu vyuma bitubura amajwi (Haut parleurs) vy'imodoka kandi vyari vyavugijwe mw'ijwi ryo hejuru cane. Hageze umwanya w'insiguro wari umwanya wo guhezagira abakozi b'ubutumwa bwiza babiri. Ubutumwa bwashikirijwe bwari bushimikiye kuri 2Timoteyo 4:1-4, amajambo y'umutama Paulo abwira umusore Timoteyo: «Ndakwihanikiriza mu nyonga z'Imana no muza Kristo Yesu azocirakw'iteka abazoba bariho n'abazoba barapfuye kandi no kubwo kuzoboneka kwiwe n'ubwami bwiwe: uvuge ijambo ry'Imana. Nari mpejeje umwaka wa kabiri muri Lycée (Lise) kandi nari maze kwiyumvamwo umuhamagararwo wo kuba umuvugabutumwa.

Nkibandanya kwiyumvira uwo nari ndi we koko kamere kanje katambatamba kadatumbera hagati yo kuba umuntu adakunda kuvuga no kuba umuntu avuga amajambo mabi, kwumva mbuze umutekano no kwiyizigira birenze urugero. Gushika ico gihe sinari umuntu akunda kwumviriza insiguro kw'iradiyo. Mu bisanzwe nta gihe kirekire cari giheze mbaye umukristo w'ukuri, nshize ku ruhande ubuzima nari nahisemwo kubamwo bwansubije inyuma kandi bwonona imibereho yanje mu vya mpwemu. Ariko ubuho mu gihe ijwi risamirana ry'umusiguzi ryatangura kuvuga ido n'ido ico gisomwa, ivyiyumviro vyanje hamwe n'ibirahuri vy'imodoka vyari nk'aho vyari vyiteguye guturika. «Kuvuga ijambo! » Vyarihanikirijwe, bikurikiwe n'ukugabisha gukomeye ku bapasitori bakora ivyo bishakiye binyuranye n'ivyo.

Ibintu bibiri vyanshikiye uhereye uwo musi. Ubwa mbere hoho naciye ngira inyota yo kwiga ijambo ry'Imana gusumba uko vyahozze kera. Ubwa kabiri niyemeje gutangaza ubutumwa nk'uko nyene.

Ici riheze, nasubiye kw'ishure ngo ntangure umwaka wanje wa mbere. Mw'ishure ryacu ryo guhanahana ivyiyumviro, nafashe ingingo yo gukoresha iyo nsiguro nk'isoko mvomamwo ivyiyumviro. Kubera ko nari umuntu nsanzwe ntakunda gusubiramwo ibintu ata nakimwe mpinduyeko nagerageje kwibuka izindi nsiguro nari nagiyeye numva mu mezi yari arenganye. Ikintu kimwe nashobora kwibuka cane n'ukuntu Paulo yihanikirije Timoteyo mu buryo bukomeye amwereka ibanga ahamagariwe: “Uvuge ijambo!”

Ntabeshe, ivyo nashikirije ntasiguro n'imwe vyari bifise. Yashikirijwe hatitaweko ko muri iryo shure ntanumwe yariko arategurirwa kuba Pasitori. Twese twari twibereye abanyeshure bo mumashure yisumbuye twariko turagerageza gusa gukora ivyo twasabwe kugira ngo turonke

amanuta mu cigwa kitakundwa na benshi kuko casaba ikintu kigoye ico naco kikaba kuvugira imbere y'abantu benshi.

Hamwe no kuba ntatahura ico abanyumviriza bakeneye, siniyumviriye no ku bushobozi bwanje buke bwo gushikiriza amajambo. Nisunze uko Brooks, natunganije insiguro yuzuyemwo utumenyetso two gutangara, niyumvira ko muri ico gihe noba ndiko mvugana amaso mu yandi na bagenzi banje nk'aho nanje ndiko ndabihaniza mu gihe co kwerezwa igikorwa kwabo. Ivyo navuga ntivyari bihuye n'ivyo nagomba gushikiriza. Sinibuka amanuta naronse kuri iyo nsiguro yanje. Ico nibuka gusa ni impanuro nkeyi umuyobozi w'ishure yampaye ambwira ko ntakwiye gukora ivyo ntazi neza na Bibiliya yanje akurikizako aya majambo yo kuntera intege ati: «Imana izogukoresha umusi umwe ngo uyikorere ikintu kidasanzwe. »

Ayo majambo yasaba ukwizera. Nari umunyeshure nifitiye ingorane mu vyigwa vyose kandi icyumviro cimbitse nari mfise muri jewe co kwegurira ubuzima bwanje igikorwa c'Imana nticari bwagaragare ngo biboneke ko mbayeho ubuzima bwo kwiyegurira igitokorwa. Nubwo nakoresha utwigoro twanje sinashobora gutahura Bibiliya jewe ubwanje. Kumara umwaka wose, igisomwa kimwe gusa nize mu mwanya wanjye w'amasengesho yo mu gatondo cari 2Timoteyo 4:1-4.

Hafi y'imyaka 15 nyuma y'ico gihe, ico gisomwa nyene nagisomeye mu gihe canje co kurambikwako ibiganza. Haraheze imyaka mirongo ibiri n'itanu nihaye insiguro jewe nyene. Kandi ayo majambo atarya umunwa ya Paulo n'ubu yama antera intege kandi akangabisha kugira ngo ndangure neza igikorwa canje.

Ikibazo nkoramutima

Waba uri Pastori canke utari we, umwizera wese ahamagarirwa gusabikanya n'abandi ubutumwa bwo muri Bibiliya buhindura ubuzima. Uburyo bwose twokoresha ngo dusabikanye n'abandi ukwizera kwacu, mu nsiguro, mu nyigisho, mu kwandika, mu kuririmba, ibikorwa vyo kugira neza canke ikindi kintu cose gishasha twotanguza, birahambaye ko ivyo dusabikanya n'abandi biba vyuzuye kandi bidatirigana kw'ijambo ry'Imana. Mu kwisunga intumbero yaryo hamwe n'akaranga k'urukundo rw'Imana. Ijambo ry'Imana rirahambaye. Ukurisirigira bigira ubwaku ku buzima vy'ibihe bidashira. Mbega muzokwishura ku muhamagarero wa Paulo maze «muvuge Ijambo» biciye mu majambo yanyu n'ibikorwa vyanyu?

Imitwara ya gusengera

- Senga kugira ngo uronke ubutwari bwo kubwiriza ijambo mu majambo no mu bikorwa uyu musu. Senga kugira ngo abakiri bato benshi bahamagarirwe kubwiriza Ijambo
- Sengera ibibazo vyose mufise muri Bibiliya. Saba Imana ibafashe kubironkera inyishu hamwe n'umuco kuri ivyo bibazo.
- Sengera abapasitori bo mu karere kanyu. Saba Imana ibashigikire, ibarinde, na cane cane ibuzure mu buryo bunengesereye Mpwemu Yera.
- Senga kugira ngo abana bacu bakingirwe ukwigarurirwa n'ubuhinga butera bwiyongera hamwe n'amateleviziyo.
- Sengera ba bantu indwi washize ku rutonde umwe wese umuvuga mw'izina. Bandanya ubishuriza amasezerano y'Imana.

UMUSI WA 19
21 Rusama 2022

IMITWARO YO GUSENGERA KW'ISABATO

- Sengera Session ya Conference Generale yimirije izobera i St. Louis muri Leta Zunze Ubumwe za Amerika ku matarike ya 6-11/6/2022.
- Senga kugira ngo turonke ibihe nk'ivyo intumwa zabayemwo muri ca cumba co hejuru ku musu wa Pentekoti, mu gihe tuzoba turi muri Session (Sesiyo) kandi duhabwe ubushobozi bwo gushikira isi yose ngo tuyigarurire Yesu nk'uko abigishwa babikoze.
- Senga kugira ngo ibihe vyo gusenga bidasanze mu manama bizobe bifise insiguro yimbitse kandi ari ngira kamaro kubazoba bari mu nama bese.
- Sengera ubumwe muri buri koraniro bushingiye ku kwubaha ijamba ry'Imana, isengesho riciye bugufi, ubushobozi bwa Mpwemu Yera.
- Sengera kugira ngo habe ukwitanga kwuzuye mu gikorwa c'Ishengero co gutangaza ubutumwa bw'abamalayika batatu bwo mu Vyahishuwe 14 hamwe n'ubw'umumarayika wa kane bwo mu vyahishuwe 18

UMUSI WA 20
22 Rusama 2022

IVYO GUSENGERA KU MUSI WA MBERE

- Senga kugira ngo Imana ivugane nawe uyu musu binyuze mw'ijamba ryayo
- Senga kugira ngo Imana ibahe kuba abantu bashize hamwe muri iyi ndwi kandi ibashoboze kuzokurikirana amasengesho ya buri musu.
- Senga kugira ngo Imana ivyure icifuzo gishasha mu mutima w'ubwoko bwayo- Icifuzo gishasha c'ijamba ryayo, co gusenga, no gukora igikorwa cayo.
- Senga kugira ngo ntihazobe gukora gusa nk'aho umenga ntacabaye muri iyi Session ya Conferanse Generale, ariko turonke ikangura mu vya Mpwemu rizodushoboza kuronka uburyo tuzokoresha mu gushikira isi tuyizanira Yesu.
- Sengera urwaruka rukiri ruto n'abasore bakuze bazoya mu nama za Conference Generale, bazobone Yesu aca imbere y'amaso yabo, bagire inyota yo kumukurikira no kurushirizaho kumumenya.

Murashobora kwifatanya n'abandi bizera bo kw'isi yose mw'isengesho ryo kuri Zoom (soma Zumu) muri iyi misi 40 y'amasengesho: <https://247unitedprayer.org>

UMUSI WA 21
23 Rusama 2022

‘ HAGURUKA UKAYANGANE ’
Vyateguwe na Frank Fournier

Vuba, isi igiye kubonesherezwa n'impano y'ubwiza bwa kamere y'Imana. Isinzi ry'abanyavyaha bamaze gushira mugaciro impuhwe z'Imana bazohaguruka, bakayangane bari mububasha bw'Uhoraho, hanyuma bakwegere inkomezi z'abanyamahanga mumaboko ya

Data wa twese agiye guhabwa ikaze muburyo tutigeze kumenya. Ivyahishuwe 18:1; Yesaya 60: 1-5.

Mu misi iza twabwiwe ko Mpwemu Yera azogira uruhara rudasanze mugukangura isi, iyi si izobonekamwo ukwihana kw'abantu guteye ubwoba abakristo bahevyeye vyose bazoboneka bariko barihuta cane bagana umuntu ku wundi, bava kunzu baja ku yindi, bavuga amajambo y'ubushobozi bahawe avuye mw'ijuru.

Kumbure ibihumbi canke amamiliyoni bazokwitaba ako kamo. Iminwa yabo izohimbaza mundirimbo nshasha yo gusanganira Uhoraho, ariko ntakindi babonye, atari Yesu gusa.

Mugihe gito giheze, muguhanahana ivyiyumviro mw'ishule ry'isabato, umwe mu bizera bacu yashimangiye ko abantu batewe umunoho n'ivyisi baba bipfuzaba nabo kuba abantu bazwi. Baba bipfuzaba kumenyekana kukintu runaka ariko ivyo vyizigiro vyose biba impfagusa. Yesu yavuze ati:” Mutamfise ntaco mwobasha gukora.” Kubw'iyi mvo ico tubasha gukora cose tukibashishwa n'ububasha bw'Imana buba buri muri twebwe. Gushobora kwiyitirira rero ivyo Imana yikoreye yonyene, kiba ari igitutsi kuri yo, kandi tuba twitsindishije mu vya Mpwemu. Yesu wenyene niwe gakiza kacu; wewe wenyene niwe cubahiro cacu, niwe kugororoka kwacu, muri vyose niwe; Yesu Kristo.

Mugihe kirekire, yiteguriye kwiyerekana ubwayo, ukuri, urukundo rwayo, ubwenge bwayo, n'ububasha bwayo, mugihe conyene abantu bayo, boyegera, bipfuzaba gukoreshwa vyose nayo, mugishingo co kwishiramwo ko bikwiye ubwabo muvuyo kakora. Twarakumiriye Uwera wa Isirayeli. Zaburi 78:41. Mbega twoba turiko turakabakaba ukuri tutabasha kwiyumvamwo mumwanya nkuyu, ukuri guhambaye, kwongereza ivyiza, mugihe ataco dukeneye,” Ivyahishuwe 3:17.

Umuhanuzi avuga ati: “Nabonye, yuko inkomezi z'abana b'Imana, ziri mu kwicisha bugufi kwabo. Mugihe bazokwicisha bugufi bakiyorosha mumaso y'abantu, Yesu azobabera inkomezi, n'ukugororoka kwabo kandi, Imana izoha ibikorwa vy'amaboko yabo gutera imbere.”3T 307:1

“Arik'umuntu w'impahazwa afise umutima umenetse, agahindishwa agashitsi n'ijambo ryanje, uwo niwe nzohozak'ijisho.” Yesaya 66: 2b;

‘Kuk'ukw'ari kw'Imwe iri hejuru isumba vyose igize, iba ahatazoshira, izina ryayo n'uwera iti: mba hejuru ahantu hera, kandi mbana n'ufise umutima umenetse wicisha bugufi, kugira ngo mpembure imitima imenetse.” **Yesaya 57: 15**

Ellen G White nawe agira ati” Umukozi w'umuntu akora kenshi ukwo ashoboye yinanata, aba afise indabo ihambaye yo kwisuzuma muntenge nke ziwe hamwe no mukutaba uwagaciro, maze agaheza akarambika integer nke z'umushaha wiwe kuri Kristo, uyu niwo muco Imana yita ngo umutima umenetse, aha niho hari isoko ry'inkomezi.” 1888 Materiel (ibikoresho)1458:1

Mbega dutegerezwa kurindira gushika, igihe ubufasha bwose isi itanga bukuweho? DA (Uwifuzwa Ibihe vyose) 121. Twoba dushaka kubanza guhomba ivyo dutunze tugakena kugira twumve ko dukeneye ikiganza gifasha c'Imana? Twoba turindiriye kubanza kwinjira mugahamo, kugira ducishe bugufi imitima yacu? Twoba kandi dushaka kubanza kwumva ya majambo ngo nguyo mukwe araje, mwitegure muje kumusanganira?

Vuba cane Yesu agiye kuza bantu b'Imana mwikangure!

Mwubahe Imana imbere yuko isi ija mumakuba ntibe icoroshe. Ntakindi gihe imitima yacu yiteze kwakira ubugororotsi bwa Kristo, atari kino gihe nyene. Dusabwa guca bugufi mumitima yacu kubw'ubukene bwacu bwo kugorokera Kristo, hanyuma tugaheza tukakira ububasha bw'Imana twisunze amasezerano Imana yaduhaye.

Ic'Imana iriko iradusaba uyu musu n'iki:

“Haguruka ukayangane, kuk' umuco wawe ushitse, kand' ubwiza bw'Uhoraho bukaba bukurasiye. Kuko raba, umwiza uzotwikira isi, umwiza w'umuzitanyanya uzotwikira amahanga: arik' Uhoraho azokurasira, kand' ubwiza bwiwe buzokubonekako. Amahanga azoza ku muco wawe, n'abami bazoza ku gukayangana kwawe.

Unamura amaso yawe weraguze, urabe, bese bakoraniye hamwe baza kuri wewe; abahungu bawe bazoza baturutse kure, n'abakobwa bawe bazoza bateruwe mu kwaha. Ni ho uzoraba, mu maso hawe hakeyuka, umutima wawe ukadidagizwa n'umunezero, ukaguka; kukw ibidandazwa vy'ibitayega bica mu kiyaga bizogaruka i wawe, n'ubutunzi bw'amahanga buzokuzako.” (Yesaya 66: 1-5)

Ikibazo nkoramutima.

Uguca bugufi n'urupfunguruzo rwo guter'imbere mubuzima rukristo, kuk'iyoy tumaze kumenya icyo dukeneye gusumba ibindi, duca twishikana ubwacu kur'umwe afise ubugororotsi bwose dukeneye, kandi ntankeka niwe azoduha gutsinda. Mbega ntantsinzi wipfuzaga ku caha, n'ububasha bwo gushikana imitima ku kwiyegurira Kristo? Mbega ntimwipfuzaga kwakira isukwa rya Mpwemu Yera wa buri musu? Mbega ntimwipfuzaga ko Yesu aba muri mwebwe akabakoreramwo, maze akabahishurira kamere yiwe y'urukundo, n'ukwitanga, hamwe n'ubuntu, kur'abo bese baza bamusanga? Nigiki kikubuzaga uyu musu kuba musu y'ubugororotsi bwa Kristo? Mbega woba ugira ubwoba, mugihe, bibaye ngombwa ko usabikanyaga n'abandi ku mugaragaro urukundo rwiwe, mu bantu muba muri kumwe hafi yawe mukibano?

Nukwo rero gir'umwete, Yesu azodufasha, nitwamurondera tumukeneye cane, azotwitaba. (Yohana 6: 37) kuko yifuzaga cane gukayanganyishiriza ubwiza bwiwe mubuzima bwacu, guhera uno musu, nikuber'iki tutomusaba, kugira aninaharizwe mubuzima bwacu, kuva uno musu?

Imitwaro yo gusengera.

- Musengere abizere muri rusangi kugira bashobore gutahura neza,” Gutsindanishirizwa kubwo kwizera”ubugororotsi bwa Kristo.
- Musengere kuronka imitima icyeye bugufi, hamwe n'ingabirano yo guheba.
- Musengere umwete wo gusabikanaya n'abandi ijamba ry'Imana, mubatuzengurutse, mukubaha ivyigwa vya Bibiliya, no mukubigisha no kubabwiriza ijamba ry'Imana.
- Musenge ngo mugire ukwitanga, mugusangira n'abandi urukundo rw'Imana, n'ukuri kwayo, biciye mumpano yawe.
- Musenge kugira ngo dutahure cane ingene ukuza kwa Kristo kudusatiriye, maze duheze duhige umwanya wo kumurondera n'imitima yacu yose, maze turushirizeho gucukumbura mw'ijamba ryiwe.

Murashobora kwifatanyaga n'abandi bizera bo kw'isi yose mw'isengesho ryo kuri Zoom (soma Zumu) muri iyi misi 40 y'amasengesho: <https://247unitedprayer.org>

UMUSI WA 22 24 Rusama2022

UBUHINGA BURUTA UBUNDI BWOSE.

Kukw Imana yahimbawe n'uko ukunengesera kwayo kwose kuba muri we: kandi yahimbawe no kumuha kwuzuzwa vyose na yo, ar' ivyo mw isi, ar' ivyo mw ijuru, izanishije impore amaraso yo ku musaraba wiwe. (Kolosayi 1: 19-20)

Ubuhingabujanye no gucungurwa kw'umwana w'umuntu, n'ubuhingaburuta ubuhingabwose ubwo buhingaburuta, nico cigwabamarayika n'ibindi biremwa vy'ubwenge biba muyandi masi atacumuye bama bariko bariga, ubuhingaburuta busaba kubanza kwitondera ibijanye n'umucunguzi wacu akongera akaba n'umukiza wacu, ubuhingaburuta bubitswe, mubwigobeko, bw'ubwenge, bw'iyitarondoreka, bwabitswe mugacerere mubihe bidahera, (Abaroma16: 25) . Ubuhingaburuta buzoba icirwa abacunguwe b'Imana bazokwigishwa ibihe bidahera, ibi nivyovyigwa vyo kurwego rwo hejuru, murivyo ikiremwa muntu gishobora kunywa navyo, ariko ibindi vyigwa ntivyobishobora, ahubwo vyo bishobora kurusha ubwonko hanyuma bikijimisha umushaha. (Education, 126)

Ikibazo nkoramutima.

Mbega woba ufise impamya bushobozi? Woba waracye mw'ishure? Hoba hariho ivyo washoboye kuhamenyera? Ibi bintu vyose ni vyiza, ariko ntaco twashobora kugereranya murivyo n'icigwa c'ubuhingaburuta bw'agakiza, biroroshe kuvuga, uti yooo, jewe ndazi Yohana 3: 16 maze ukibaza ko utahura agakiza, ibisaba ubushishozi buhambaye .Urufu , hamwe n'umuzuko, maze ugahimbarwa nuko bifitaniye isano n'ingingo y'intambara ihambaye, ihema ry'ibonaniro, urubanza, kandi igihambaye gusumba, mubuzima bwacu bwa buri musu; ibi vyose bizogufasha, gukunda cane Yesu Kristo ukwo uzoguma uvyinjiramwo gusumba mu kuvyiga.

Mbega woba ugiye guhitamwo guhera uyu musu, kunywa n'ubu buhingaburuta busumba ubundi bwose? Woba ugiye kuza urarondera umwanya wo kwiga mu buryo budasanzwe ivyo vyigwa bitagira iherezo? Ni gute twogarura imitima mishasha mubwami bw'Imana?

Imitwaro yo gusengera.

- Musenge kugira mwiyumvemwo neza igikorwa c'agakiza Yesu yabakoreye.
- Senga kugira ngo mushobora gutahura neza muvy'ukuri ivyakorewe ku musaraba.
- Musengere abantu bose batarashobora gutahura ukuri guhimbaye, kwa Yesu Kristo, we kugororoka kwacu, hamwe n'ubutumwa bwiza bw'agakiza, bubonerwa muri we, atari mubikorwa vya kimuntu.
- Sengere umuryango wawe wose, usengere agakiza kabo, n'akaryo ko kuba wohura nabo ukabasangiza ukwizera kwawe, ijambo ry' Imana, hamwe n'urukundo rwa Kristo.
- Musengere abo bantu bose bahangayikishwa no gucika kubibaboshe ngo bashike ku ntsinzi.
- Sengere abantu 7 wanditse, usenge usaba akaryo ko kugira mushobore kuvugana, hanyuma ubatumire kuza ku rusengero, canke imuhira iwawe, canke murindi koraniro runaka.

Murashobora kwifatanya n'abandi bizera bo kw'isi yose mw'isengesho ryo kuri Zoom (soma Zumu) muri iyi misi 40 y'amasengesho: <https://247unitedprayer.org>

UMUSI WA 23
25 Rusama2022

UBUGOROROTSI N'IKI?

“Hahiriwe abafise inzara n’ inyota vyo kugororoka kuko aribo bazohazwa.” Matayo 5:6

Gutsindanishirizwa n’ubugororotsi bwa Kristo n’ukwera, gufitaniye isano n’Imana, kandi Imana n’urukundo; 1Yohana 4 :16 vyose vyugariye ku mategeko y’Imana’ kukw’amategeko yawe ar’ayera’ (Zaburi 119: 172) kandi urukundo rushitsa ivyagezwe. (Abaroma 13: 10) Ubugororotsi n’urukundo, kandi urukundo n’umuco, kandi n’ubuzima bw’Imana. Ubugororotsi bw’Imana bwigaragariza muri Kristo, twakira ubwo bugororotsi rero iyo tumwakiriye. _ *Ivyiyumviro vyo k’Umusozi w’Imigisha, p. 18*

Ikibazo nkoramutima.

Mbega woba ufise inzara n’ inyota vy’ubugororotsi bwa Kristo?

Ubuzima bwa Kristo butagira agatotsi no kwikunda, bwuzuye urukundo, hamwe n’ukwitanga kwiwe ngo apfire abanyavyaha, bidushikana ku ngero zibiri, zo gutsindanishirizwa kubwo kwizera:

- 1) Ubugororotsi bwiwe asabikanya n’abandi, rikaba ar’isezerano, ry’uko dutwikirwa n’ubuzima bwiwe bweranda, biciye mukwizera iryo sezerano.
- 2) Ubugororotsi bwiwe budutwikira, rikaba ariryo yadusezeraniye ko azoduhindura, tukareka kuba abantu bikwegerako, maze tugahinduka abantu bagaragaza urukundo rutikwegerako rwa Kristo, tukaba tuba mur’iryo sezerano mukwizera.

Izo ngero zibiri z’ingabirano zizobuzuzura mube abashitse; muvyukuri izobanyura, zizobakiza! iyo ngabirano mukaba muyironkera muri Kristo, k’ubuntu. Kuber’iki tutokwemera uyu musu ukwo kuri maze tugatangura kwiberaho ubuzima bw’umunezero, maze Yesu yizizire ubuzima bwacu bwakirwe n’uku kuri gutangaje kw’urukundo rw’agakiza k’Imana.

Imitwaro yo gusengera.

- Senga kugira Imana igufashe guhagarika kwizera ibinyoma vya Satani, bigutuma wiyumvira kutabereye kwakira Urukundo rwiwe.
- Senga Imana kugira ngo ishimangire ubugororotsi bwayo muri wewe.
- Musenge kugira umugwi w’ abatari abakristo bazokora mukiringo c’Inama nkuru y’ishengero bazokwumve urukundo rw’Imana kandi bazokwumve bisanze, mubazoba baserukiye abandi mur’iyo nama bizobatere gushaka kumenya vyinshi, kw’ishengero ryacu.
- Musengere integuro zose ziriko zirakorwa kubw’inama y’urwego rukuru rw’ishengero, kugira bizokorwe mumpore.
- Musengere abantu baba mu gace kiswe idirisha 10/40, batarigera bumva na rimwe uku kuri guhimbaye, maze bagire ihinduka muburyo bataharamwo urukundo rw’Imana na kamere yayo.

Murashobora kwifatanya n’abandi bizera bo kw’isi yose mw’isengesho ryo kuri Zoom (soma Zumu) muri iyi misi 40 y’amasengesho: <https://247unitedprayer.org>

UMUSI WA 24
26 Rusama2022

UBURANGA NTAGERERANYWA BWA YESU KRISTO.

“Eka mbere n’ibintu vyose ndavyiyumvira kw’ar’ubuhombe, kubw’ikibirengeye, ni co kumenye Kristo Yesu umwami wanjye. Kubw’uwo nahomvye ibintu vyose, ndavyiyumvira kw’ar’ishano, kugira ngo ndonke Kristo, kandi mboneke ko ndi muri we, ntafise ukwanje kugororoka, kumwe kuva mu vyagezwe, ariko mfise kumwe kuzanwa no kwizera Kristo, ni kwo kugororoka kuva ku Mana, guhabwa uwizeye. *_Abifilipi 3: 8- 9.*

Nk’umunyeshure wa Bibiliya yabonye umucungunzi, hariho mu mutima umuvyuro w’ikinyegezwa c’inkomezi co kwizera, ugutazira, hamwe n’urukundo. Mu ndabo ya Kristo, hariho igitsure kituriko, kandi uwuduhanze ijisho yipfuzza gukuzura muri twebwe kamere yiwe bivanye n’ingene tumwipfuzza. *_ Education, 192.*

Dutegerezwa gusesa muri Bibiliya, kuko itubwira Yesu. Mu gihe usoma Bibiliya, uzobona impano z’uburanga zitandoreka za Yesu. Maze uzoca ukunda bihebuje umuntu w’ikaruvari. *LS, 293.*

Ikibazo nkoramutima.

Mbega umutima wawe woba ushaka gutahura ingabire z’uburanga zitandoreka za Yesu “Dukwiye kumeya Yesu no kumukunda gusumba ibindi vyose? Woba wipfuzza kumenya ingene wogiriranira imigenderanire nawe? Gira umwete! Hanga amaso yawe kuri we. Senga wongera wiga ivyo yagiye aracamwo hamwe n’urupfu rwiwe. Gerageza kwiyumvisha ingabirano yo kwitanga yagize kubwacu hamwe n’ukuri kwatumye abidukorera.

Kugiti cawe, iyumvire urukundo agukunda, n’agaciro aguha, gusumba mbere n’ubuzima buhoraho yemeye guheba kubwawe, niwizere ko imbabazi ziwe zihari kubwawe, kandi ubugororotsi bwiwe buraduhagije. Serangura ayo majambo, uyiyumvireko, hanyuma ureka ingabirano y’uburanga itarandoreka ya Kristo, yiganzire umutima wawe uyu musu.

Imitwari yo gusengera.

- Senga kugira ngo mugihe mwiga ijamba ry’Imana, Mpwemu Yera abashe guhishurira imitima yanyu ingabirano y’uburanga itarandoreka ya Yesu maze bitwinjize cane mumunezero wo kumenya Yesu Kristo kugiti cacu.
- Senga kugira ngo Imana Ibashe kuguhishurira ibigirwamana biri imbere yawe, bikubuza kubona ubwiza bwa Yesu neza na neza.
- Senga Imana ngo igufashe gusabikanaya n’abandi urukundo rwayo mubagukikije, mukubafasha ndetse no muzindi nzira zindi.
- Senga Imana kugira ngo izohagurutse abarongozi muri kazozo bigishwa kandi baciye bugufi, batikakisha, bazokwishigikiza kuri Kristo gusa muburongozi bwabo, mugihe ishengeru ririko rirashitsa igikorwa ryahawe n’ijuru ngaha kw’isi.
- Senga kugira indongozi zizoba zaserukiye abandi mu nama y’ urwego rukuru rw’ishengeru kw’isi (Session) yimirije kuba bazoshitse ubugombe bw’Imana, kandi babwiyegurire muvuyo bazokora vyose, ukwo bizoba bimeze kwose.

Murashobora kwifatanya n’abandi bizera bo kw’isi yose mw’isengesho ryo kuri Zoom (soma Zumu) muri iyi misi 40 y’amasengesho: <https://247unitedprayer.org>

UMUSI WA 25

Rusama 27

IGISHINGANTAHE

“UWATANGUJE IGIKORWA CIZA MURI WEWE ...”

Vyatanzwe na Andy Im.

Igihe nafata ingingo yo guha ubuzima bwanje Yesu ubwa mbere, nari nkiriko ndiga mumashure y'isumbuye, ivyo twahuye muvyukuri nasanze bitandukanye nivyo nari niteze guhura navyo, mugishingo c'umunezero, n'amahoro, abandi bavuga, ubuzima bwanje buri musu bwama bwuzuyemwo umubabaro hamwe no kwiheba kurenze.

Niyumva ko ntigeze mererwa neza bihagije, nageregeza kwifata naho naba hari ivyangoye gushikako, nagerageje uko nshoboye gufungura ibifungurwa bibereye, ngakora ikarashishi, nkiga ijambo ry'Imana buri musu, no kwigenza neza.

Ariko sinari bwigere nshira kur'urupimo neza kuvyo nibaza ko ari vyo nkenerwa kugira umuntu abe ari umukristo w'Umudiventiste w'Umusi w'Indwi ahagaze neza. Ivyo vyatumye nshika kundunduro ivuga ko naho nokwishimikiza ubukristo, nkava mukwiyagiriza, canke ngaheba ibiri inyuma yanje vyose, maze nkanezererwa n'ibihimbaro vy'isi niyo ngingo nahavuye mfata.

Naciye mpitamwo ivyo vyanyuma, maze nca nibwira nti ; “Ni nagenda mubihimbaro vy'iy'isi hama nkazimira, nzoca ntegerezwa kubinezzererwa neza ataco ninona munzira zose.”

Narahevyeye ndarenza akarimbi, nirundumurira mubinereza bishoboka vy'iy'isi, nahuye navyinshi vyanteye umubabaro muburyo bwanje, bidatevyeye nagiye gutahura ko iy 'isi ar'ibarabara ry'urupfu rigeze k'umusozo. Maze nca nsubira kwisanga mw'irinde ryo kwihebura.

Mw'ijoro rinini, natanguye kwiyumvamwo agahinda kadasanzwe igihe nari maze kunywa ibiyayuramutwe bidasanzwe. Uko niyumva vyari biteye ubwoba cane, ariko nta buryo na bumwe bari mfise bwo kwikura mu bihe bigoye narimwo.

Nari namaze gutakaza ivyizigiro.

Niho natereza amaso ku rundi ruhande rw'icumba ndaramwo, hanyuma mbona Bibiliya mama yari yaransigiye ngaho, maze narayitoye ndasanzurura mugitabo ca Zaburi, maze ntangura gusoma.

Haciye umwanya, ntangura guhura n'ibintu vyankoze ku mutima. Ndiko ndasoma muri zaburi, umubabaro waciye utangura kumvamwo, maze nanje ntangura kuvyishiramwo ivyo nariko ndasoma kandi ndabitahura atangorane. Ndibwira nti : “Harimwo ubushobozi mw'ijambo”. Ni gute agahinda natewe n'ibiyovyabwenge, gashobora guhera biciye mugusoma ijambo ry'Imana, kuri jewe vyambonekeye nk'igitangaza ntari bwigere mbona.

Icankoze k'umutima mur'iryo joro nasomyemwo Bibiliya muri Zaburi, nabonye ishusho y'Imana nk'umuntu ariho kubwanje, _Ari muruhande rwanje ! Imana ntirajwe ishinga n'uko nogwa mumakosa maze ngo ishimishwe no kumpanira ibibi nakoze, nayibonye nk'umunyempuhwe kubana biwe, nka kurya umuvyeyi agirira impuhwe umwana wiwe (Zaburi

103 : 13). Naciye ntahura ko Imana itari kure yanje, kandi ko ivyo nocamwo vyose canke ivyontera vyose Imana yiteguriye kuntabara. (Zaburi 139 : 1- 10)

Iryo joro ryambereye irya mbere, aho nafata umwanya wo kubona, ngasoma uwo Imana iri vy'ukuri. Kand'ico kigize ubutandukane bwinshi mw'isi. Nigute umuntu abihuza maze agasobanukirwa insiguro y'Imana biciye mu buzima yacyemwo, bikagaragarira mw'ishusho dusanzwe tuyiziko.

Ariko, ico sico conyene gisanzwe kigira ubwaku ku buzima rukristo bw'umuntu. Narasobanukiwe kandi inyigisho ihambaye y'agakiza kaboneka bivuye ku kwizera kw'umuntu, maze akizera igikorwa c'Imana tudashobora kwikorera ubwacu, tutitaye kuvy'ubu canke ivya kazoza, ukwo vyoshobora kuba bitubabaza kwose.

Bibiliya itubwira ko indinganizo y'agakiza ar'igikorwa c'Imana muri twebwe. N'umwitwarariko wayo wo gutuma ibidakunda ibigira ibikunda, mugihe gusa tuba tuyemereye gukorera muri twebwe, ngw'ishitse igikorwa cayo ciza gihimbaye. (Abifilipi 2 : 12,13)

Igikorwa c'agakiza n'igikorwa gitwara umwanya kugira gitahurike, kuko hari ivyo usanga twarishizemwo twiyumvisha bikaba hagati nahagati y'ivyo tuzi ko biri muciyumviro eka mbere ivyo twifuzaga muri kubu, canke ivyo tubamwo.

Aho ushobora kuba uri hose, mu buzima ucamwo, utitaye kubiguhangayikishije, ni ngirakamaro kumenya kubwo kwizera, - ariko atari kubw'ibigumbagumba vyawe - yuko Imana ifise mumunwe ivyo wacyemwo. Kandi kw'izobandanya igikorwa, ubwayo yatanguje.

Mu majambo yo mu vyanditswe "niho dushobora kuremesherezwa, yuko uwatanguje igikorwa ciza muri twe, azogisozera gushika ku musu w'umwami wacu Yesu Kristo." (Abifilipi 1 : 6)

Yesu aragutumira ngo wegurire agakiza kawe mu biganza vyawe. Uzoba uri mubiganza vyiza niwabikora ni wizere Yesu Kristo.

Ikibazo nkoramutima.

Mbega biragutera umwete kumenya ko Imana ifise kahise kawe ? Yuko iri kumwe nawe, atari umwansi wawe? Yuko itagambiriye gusa gutanguza igikorwa, ariko ko igiye no kugisozera? Ivyo idusaba nukuyemerera gusa maze tukayiyoboka ata gukebaguzwa, mugihe iriko irashitsa umugambi wayo w'agakiza.

None woba witeguye kuyegurira umutima wawe n'ubuzima bwawe uyu musu? None uzoyemerera kukubera umwami, atari kukubera gusa umucunguzi, ariko Imana kuko yitwararitse ubuzima bwawe? Woba wizera ubugororotsi bwayo, kandi ko izi neza ingene igiye gusozera igikorwa ciza yatanguje muri wewe?

Imitwari yo gusengera

- Senga kugira ngo Imana ihwamike ibinyoma vy'abansi maze ikwereke ko iri muruhande rwawe.
- Senga kugira ngo wizere ubugororotsi bukiza bwa Kristo kugira ng'ubugororotsi bwose twironderera tubukureko ivyizigiro.
- Senga kugira ngo Imana yongereze inguvu imirwi mitomito yo mw'ishengero ry'intango, kugira ngo abizera bese bashobore kuronka akaryo ko kugushingira intahe Yesu.

- Senga kugira ngo muronke inkomezi, zo kugendera amategeko y'ubuzima, no kwirinda ariko atari kugahato, ariko kugira bibashishe ubwenge bwawe n'umushaha gukoreshwa na Mpwemu Yera.
- Sengera abantu 7 washize kurutonde, senga kugira uronke akaryo wocamwo, kugira ushobora kubashikira.

Murashobora kwifatanya n'abandi bizera bo kw'isi yose mw'isengesho ryo kuri Zoom (soma Zumu) muri iyi misi 40 y'amasengesho: <https://247unitedprayer.org>

UMUSI WA 26 28 Rusama2022

IMITWARO YO GUSENGERA KW'ISABATO.

- Sengera inama y'urwego rukuru rw'ishengero kw'isi yose izobera I St Louis, muri Leta ya Misuri muri Leta zunze ubumwe za Amerika. Kumagenekerezo ya (6- 11 Ruheshi ,2022)
- Sengera imiryango yasambutse hamwe n'imigenderanire mubuzima bwawe.
- Saba Imana iguhuze n'umuntu ku rusengero mur'iyi ndwi mutari bwigere muvugana, umugire umugenzi.
- Sengera abizera b'ishengero bo muri Aziya yo hagati ishira ubuseruko, na cane cane bo mu bihugu vya Irani na Isirayeli.
- Sengera ababoshwe haba muburyo bw'umubiri canke bw'impwemu. Basengere kugira ukuri kw'ijambo ry'Imana kubashe kubaha kwidegemvya.

UMUSI WA 27 29 Rusama 2022

IMITWARO YO GUSENGERA KU WA MBERE

- Sengera indongozi zo muri politike z'aho muherereye; mu gisagara, mu ntara, mu gihugu, uvuge amazina nimba bishoboka.
- Sengera ibice 30 % vy'abizera b'ishengero (aha nukuva 13000 vy'abadiventiste bo muri Ikrene bariko barakurwa mu vyabo, baca mu bihe bigoye mu kwizera.
- Senga kugira ubugombe bw'Imana bubashe kuranguka mu buzima bwawe uyu musu. Sengera isango ryo guhura n'Imana.
- Sengera abantu 7 washoboye gushira kurutonde rondera ingene ubashikira kandi ubamenyeshe ko uriko urabasengera, ubabaze ico basahaka ko wobasengereko mu buzima bwabo.

Amajambo yo gushikimukirako : Amasengesho hamwe n'amasezerano.

INDWI YA GATANU (30Rusama- 5Ruheshi2022)

UMUSI WA 28 30 Rusama 2022

“UGUSUKWA KWA MPWEMU YERA “

Ku musi mukuru wa pentekote mu mwaka wa 31 imbere ya Kristo, Mpwemu Yera yarasutswe ku rugero rwo hejuru kw’ishengero ry’intumwa ryariko riragomba gukura icavuyemwo abigishwa 120 ba Yesu bariko barasengera mu cumba co hejuru biyugaranye barujujwe Mpwemu Yera (Ivyakozwe n’Intumwa 2: 1,2)

Abantu bari bagize ubwoba bwo gushingira intahe Kristo, (Matayo 26: 69- 75) bahindutse intamuheba za Yesu mu kumwamamaza, (Ivyakozwe n’intumwa 2: 14-24; 4: 7- 13), hanyuma abayahudi bashika 3000 bari mu rugendo I Yerusalemu, nibo babaye umugwi wa mbere w’abakristo muri kahise- Bose bahindutse mu musi umwe. (Ivyakozwe n’Intumwa 2: 38 -41)

Iyo nkuru tuyisanga mu Vyakozwe n’Intumwa 2, ariko Ivyakozwe n’ Intumwa 2 ntihari gushika hatabanje kubaho Ivyakozwe n’Intumwa 1. Hari ibintu bibiri dusabwa gushimangira dukura mu Vyakozwe n’Intumwa 1. Abigishwa bari bashize hamwe, basenga basaba Mpwemu Yera (Ivyakozwe n’Intumwa 1: 13-14), kandi baribukanya n’igikorwa ca Yesu co kwitanga mu kibanza cabo, (raba mugitabo c’Ivyakozwe n’Intumwa p .35- 36) vyabatwaye imisi cumi gusa kugira babone ivyo batahora babona munyuma, bararengewe n’urukundo rw’Imana.

Ayo niyo masezerano abiri, mugihe ishengero ritayisunze ridashobora kwitega isukwa rya Mpwemu w’Imana mu bushobozi buhambaye kugira rirangize igikorwa mur’iy’isi: Karuvari hamwe n’umubano izi nizo ngingo ntabanduka kugira hasukwe urukundo rw’Imana mu mitima yacu. (Abaroma 5: 5)

Igihe ishengero rifashe ingingo yo kwisunga urukundo n’igikorwa vya Yesu muruhande rwabo (Kaluvuri) hanyuma bagashira hamwe, bakagira ubumwe, barondera isukwa rya Mpwemu Yera (mu kibano) iryo shengero rizoca rironka inkomezi zidasanzwe z’Imana zikora mugishingo cabo’

Inyuma yo gusukwa kwa Mpwemu Yera, abigishwa baciye buzura urukundo bakunda Yesu hamwe n’abo bose yapfiriye ku musaraba. Iyo mitima yabo yashobojwe n’amajambo bavuga, hamwe n’amasengesho y’urudaca bagira. Baravuga mubushobozi bwa Mpwemu Yera; maze kubera ubwo bubasha bwabakoresha, vyatumye ibihumbi vy’abantu vyakira Yesu Kristo birahinduka. (Ivyakozwe n’Intumwa p. 22)

Nigute twokworosha imitima yacu? Ntitwobishobora. Ariko Yesu we yobishobora, kandi igihe dufise Yesu muburyo bwuzuye, (Abanyefeso 3: 14- 19) urukundo rwiwe ruca rworosha imitima yacu ico gikorwa gihambaye ca Mpwemu Yera kizosubira kwigaragaza kandi mw’ishengero ivyo vyashitse bizokwongera kubaho kandi mu bubasha buhambaye. Isukwa rya Mpwemu Yera ryabaye ku musi wa pentekote yari imvura y’agatasi, rero imvura nayo y’urushana izoba irenze Mpwemu arindiriye gusa ko tumusaba twongera tumwakire. Kristo agiye gusubira guhishurwa mu kunengesera kwiwe mu bushobozi bwa Mpwemu Yera (Christ’s object lessons .121)

Zirikana ko ubushobozi bw’Imana ari ntabanduka, n’uburyo ntabanduka urukundo rwa Kristo rutugaragariramwo, wewe nanje. Gutahura ivyo no kuvyakira mu mutima bica bihinduka ubushobozi buhambaye bwa Mpwemu Yera bugiye kurangiza igikorwa kw’isi. Ivyo vyarabaye

mu myaka ibihumbi bibiri iheze. N’ubu bigiye kwongera kwisubiriza. Hindukiriza amaso yawe kuri Yesu Kristo.

Ikibazo nkoramutima.

Mbega coba ari co cipfuzo cawe gushira mu ngiro Ivyakozwe n’Intumwa 1 bijanye n’ikibano, hamwe na Kaluvari, kugira ngo witegurire gushira mu ngiro Ivyakozwe n’Intumwa 2 hajanye n’isukwa rya Mpwemu Yera w’indengakamere? Woba warigeze kuba wumva urukundo rw’Imana rukwuzuye mu mutima, canke ukumva ubuzima bwawe ari ngirakamaro ku bandi bwabereye nk’umuyoboro ubashikanako urukundo rw’Imana, mukibano?

Inkuru nziza n’uko, Yesu anezererewe cane kukurongora, n’umuryango wawe, n’ishengero mukibano. Kuber’iki utotangura gufata umwanya udasanze wo gusenga uhere ubu, ugasaba Yesu kugira ngo aguhishurire neza ibanga rya Kaluvari, kugira ngo inzira ishobore kuba umuharuro, kugira ngo Mpwemu Yera ashobore gusukwa kuri wewe, no kw’ishengero?

Imitwaro yo gusengera.

- Saba Imana ityorore umutima wawe, ntushobore kwanduzwa n’ivyiyumviro bipfuye hamwe n’ibigumbagumba bidakenewe.
- Senga musaba Yesu Kristo kugira ngw’abihishurire biciye mucigwa kidasanzwe co kumusaraba.
- Saba kwuzuzwa Mpwemu Yera buri musu, kugira ngo ubashe kuba uriteguriye isukwa rya Mpwemu Yera w’indengakamere.
- Senga kugira Imana idufashe nk’abantu kumenya ico bisigura kubana n’ikibano mumasengesho, n’ingene twoshiraho umugozi uduhuza kw’isi yose.
- Sengera urunani rwo kubuhinga bwa none rw’abazoba bari mu vyumba bitandukanye bariko barasenga mu minsi 40, aho bazoba bari hose, ndetse n’ikiraniro ry’urwego rukuru rw’Ishengero kw’isi yose. Urubuga amasengesho aberako: <https://247unitedprayer.org>

Murashobora kwifatanya n’abandi bizera bo kw’isi yose mw’isengesho ryo kuri Zoom (soma Zumu) muri iyi misi 40 y’amasengesho: <https://247unitedprayer.org>

UMUSI WA 29

31Rusama2022

UMUFASHA MWERANDA.

Ariko jewe ndababwire ukuri, ikizogira ico kibamarira, n’uko jewe ngenda; kuko ni ntagenda, umwitsa ntazoza kuri mwebwe: ariko ninagenda nzomubarungikira. Yohana 16: 7

Mpwemu Yera niyo yari ingabirano iruta izindi Yesu yaragiye kudasabira Data kugira ngo abantu biwe bashirwe kurundi rugero rwo hejuru. Mpwemu yarigiye gutangwa nk’uwukaburira abantu mugikorwa, iyo Mpwemu ataza gusukwa n’ikimazi yarahejeje gutanga ku musaraba

vyari kuba impfa gusa, Icaha categrezwa gutsindwa koko, habonetse ubundi bubasha budasanze bwigararagarije mur'umwe mubagize ubutatu bwerenda ariwe Mpwemu Yera. Ni Mpwemu ashimangira ivyo umukiza Yesu yahejeje kudukorera, ni kubw'uwo Mpwemu atuma umutima wezwa. Biciye muri Mpwemu Yera uwizeye nawe aronka amahirwe yo kuronka ubushobozi mva juru buvuye muri Kristo, Yesu yarungitse Mpwemu Yera kugira dushobora gutsinda ivyo vyose vya karonda n'ibigeragezo vya sekibi, no kugira anengesereze kamere yiwe kw'ishengero .Yesu yavuze ati kubw'uwo Mpwemu, ashobora kutweza. (Uwipfuzwa ibihe vyose, P. 671)

Ikibazo nkoramutima.

Woba umaze gufata akanya ukiga ukongera ukazirikana ingabirano ntagereranywa ya Mpwemu Yera? N'umwe mubagize ubutatu bwerenda, bugize Imana, akaba yarungitswe kuri twebwe nk'ingabirano ivuye kuri Yesu. Aravuga, niwe aturongora, akatwemeza, akaturemesha, akaduhindura ndetse akatwongera inguvu, iyo twananiwe mu rugendo turimwo tuja mw'ijuru niwe adufasha kumera nk'Umukiza wacu adukunda mukugera ikirenga mucuwe.

Mbega vyoba bimaze gushika ugaha ikaze Mpwemu Yera mu buzima bwawe? Woba umaze kwumva na rimwe uwo Mpwemu ariko aragusunikira gukora ivyo umukiza w'isi adushakako?

Kuber'iki mutotangura gusaba mwinginga umubatizo wa Mpwemu Yera, ha ikaze Yesu kugira ashobore kukwikoreshereza akoresheje Mpwemu, kandi ntihagire uruhande na rumwe rw'ubuzima bwawe umuhisha.

Imitwari yo gusengera.

- Senga usaba Imana igufashe, gutahura inyigisho ya Bibiliya ivuga ibijanye n'ubumana hamwe n'umubatizo wa Mpwemu kandi unatahure na kamera ya Mpwemu Yera mu bumana n'uruhara rwiwe mu gikorwa.
- Senga musaba Mpwemu Yera kugira abashikane ku ntsinzi y'akaronda nivyo vyose bikikuboheye ku caha.
- Senga kugira ube umuzezwa buzima rukristo w'umwizigirwa ku mwanya no mu kigiracumi vyawe. Nubwo ibihe vyoba bigoye, Bibiliya itubwira ko abubaha Imana, nayo izobubaha. (1 Smweli 2: 30)
- Senga musabira inama y'urwego rukuru rw'ishengero kw'isi yose izorangwe n'ubumwe mu barongozi bazoba baserukiye abandi, bazorangwe no kwubahirizanya mubibatandukanya vyose, bazorangwe no guca bugufi, hazobeho kwemera ivyashitsweko vyose naho vyoshobora kuba bitahuye n'ivyo bamwe bipifuzwa.
- Senga isengesho rya Yesu ryo muri Yohana 17 kugira ngo twese tube umwe, kugira hakomeze kubaho ubukwe, n'ingo z'amahoro, hamwe n'ishengero, vyose musu y'ubugombe bw'Imana.

Murashobora kwifatanya n'abandi bizera bo kw'isi yose mw'isengesho ryo kuri Zoom (soma Zumu) muri iyi misi 40 y'amasengesho: <https://247unitedprayer.org>

UMUSI WA 30 1 Ruheshi 2022

UMUHORA WO GUKIZWA

“Uwo niyaza, azohinyuza ab’isi, abemeze ivy’icaha , n’ivy’ukugororoka , nivy’amateka, ivy’icaha kuko batanyizeye , ivy’ukugororoka, kuko njakwa data , kandi namwe muzoba mutakimbona , ivy’amateka, kuk’umwami w’iy’isi yaciriwekw’iteka . *Yohana 16: 8- 11*.

Isezerano rya Mpwemu Yera ntiryagenewe gusa umugwi w’abantu runaka canke ubwoko runaka bw’abantu. Yesu ubwiwe niwe yivugiye ko ubwaku bwerenda bwa Mpwemu Yera buzobana n’abamukurikiye bese gushika ku musu w’imperuka. Kuva ku musu wa pentekoti gushika uyu musu, umwitsa yaratanze kuri abo bese biyeguriye gukorera Kristo kugira ngo bamubere ibikoresho mugikorwa yabasigiye. Kuri abo bese bamaze kwakira Yesu nk’umucunguzi wabo, Mpwemu Yera yaje nk’umujenama, abeza, abarongora, kandi ashingira intahe Kristo. Ivyakozwe n’intumwa, P. 49

Ikibazo nkoramutima.

Igice c’igikorwa ca Mpwemu Yera n’ico kwemeza umunyavyaha, ubugororotsi, hamwe n’urubanza. Izi ngingo zitanu z’igikowa ca Mpwemu Yera, zose zirabonekera mw’ihema ry’ibonaniro, n’imigigwa yaryo.

Muntangaro niho ikimazi catangirwa, (bikaba vyagereranya Kristo k’umusaraba, hamwe n’ubugororotsi bwiwe); ahera naho izo ngingo zitanu ziciye mubugororotsi bwa Kristo zarahishuwe ku meza y’imitsima itambiwe (kwiga Bibiliya), igicaniro co kwoserezako imibavu (Amasengesho), ibiterekwako matara (Mpwemu Yera mugushinga intahe).

Ivyo bintu ukw’ari bitatu vyobonekeye vyose mubuzima bwa Yesu Kristo, nk’akarorero kacy’umusi; hanyuma mu kibanza c’ahera cane naho hatwibutsa akamaro n’ukuri kubijanye n’urubanza, nk’uko umuherezi mukuru yinjira rimwe gusa mu mwaka, ku musu mukuru w’imponzani, (bikaba vyagereranya ivyo Yesu Kristo ariko arakora mu rubanza rw’igenzura ku bwanyu)

Muyandi majambo; igikorwa ca Mpwemu Yera n’ukutorongorera mugakiza biciye mukwizera Yesu Kristo n’ivyo yadukoreye ndetse n’ubu ariko aradukorera.

None mwoba mwatahuye, akamaro n’ubwiza bw’igikorwa ca Mpwemu Yera? None uzobinezereyerwa gukorana nawe, maze umureke akurongorere kuri Kristo, maze aguhindure uzosigare umeze nka Yesu mumico yawe, narirya twabonye ko turi mugihe c’urubanza rw’igenzura?

Imitwaro yo gusengera.

- Senga kugira Mpwemu agire ic’akoze mubuzima bwa babantu 7 wandika amazina k’uzoza urasengera
- Senga kugira Mpwemu agire aakoze mugice cose c’ubuzima bwawe gikeneye gukira mu vya mpwemu.
- Senga kugira Mpwemu agufashe gukunda no kwubaha Imana n’ijambo ryayo.
- Senga kugira ngo mukwitanga tugira turondera inzira twocamwo ngo tubwire abandi ivya Yesu, ntidutakaze kwishimikiza kuri Yesu, kw’ijambo ryiwe, no kubugororotsi

bwiwe, ndetse no kubikorwa vyo mw'ihema ry'ibonaniro, no kubushobozi bwiwe bukiza mw'iyi ntambara ihambaye.

- Sengera abo bose badafise intege bananjwe n'ubuzima aho mukibano ubaye, na cane cane, impfuyi, n'abapfakazi, n'abo bose bafashwe bugwati.

Murashobora kwifatanya n'abandi bizera bo kw'isi yose mw'isengesho ryo kuri Zoom (soma Zumu) muri iyi misi 40 y'amasengesho: <https://247unitedprayer.org>

UMUSI WA 31 2 Ruheshi2022.

KUGARAGAZA IMICO YA YESU.

“Arikw'ivyo Mpwemu yama n'urukundo, umunezero, amahoro, ukwihangana, kugira neza, ingeso nziza, kuba umwizigirwa, ubugwaneza, ukwirinda : ibimeze bityo ntavyagezwe bibibuza. **Abigalatiya 5 : 22- 23**

Iyo wakiriye Mpwemu wa Kristo impwemu yo kutikwegerako no gukorera abandi niyo ica ikuranga igakura maze igatangura kwama ivyamwa. Ubuntu bwa Mpwemu buzoca bukuza imico yawe itangure kwama ivyamwa kandi ukwizera kwawe kuzokwiyongera, maze guhinduka kwawe gutsimbatare, kandi urukundo rwawe ruzogaragarira bese, ibi vyamwa ntaho bizotakara, ahubwo bizoguma vyama, gushika mubuzima buhoraho. Chist's Object Lesson, p. 67- 68.

Ikibazo nkoramutima.

Mpwemu iturongorera kwa Yesu. Kandi uko tuguma muri Yesu, buri musu tuguma twuzuzwa Mpwemu, azokwama buri musu aturemamwo imico ibereye idukuramwo kamere yo kwikunda, aduhe ukwitanga, n'umuco w'urukundo vy'umukiza wacu. N'igikorwa co guhinduka mubuzima bwa buri musu. Ni nka kurya n'icamwa c'umwembe kidakura mw'isaha imwe, ariko birinda kugisaba igihe kirekire kugira gitangure kwama ivyamwa, rero n'igikorwa co kwezwa gifata umwanya. Ntidukwiye kugira amakenga, nitwaguma turi muri Yesu no mubwizigirwa bw'ijambo ryiwe ntakeka ko atacamwa na kimwe ca Mpwemu kizohara mubuzima bwacu.

Woba wararetse Mpwemu ngw'akuze ivyamwa muri wewe ? Ntihoba hari inzira wafashe zibuza kugura kw'ivyamwa vya Mpwemu mu buzima bwawe ? Coba ar'icipfuzo cawe kugaragaza imico ya Kristo gusumba kugeza aho abantu bazosigara babona urukundo rwa Kristo muri wewe ?

Imitwaro yo gusengera.

- Senga kugira Mpwemu akuze muri wewe ivyamwa vya Mpwemu mu mice yavyo yose.
- Senga Imana kugira ikwereke ko har'aho woba warankiye Mpwemu Yera kwagukoresha mubuzima bwawe.
- Senga usaba imbabazi namba haraha wababaje Mpwemu Yera.
- Sengera ibihumbi vy'amoko atandukanya yo mw'isi ashika ibice 69 % vyababa kw'isi batarashikirwa n'inkuru z'agakiza za Yesu, sengera inzira nshasha zotuma tubashikira.

- Sengera utwigoro tw’ ivugabutumwa ryo mubisagara mw’isi, ahariko hararangurirwa imigambi itandukanye nka : Cacutta, India, Tokyo, no mu Buyapani, aho ibikorwa vyacu biriko birahura n’ibibazo bikomeye, sengera abakozi bariko baritanga bakorera mur’ivyo bice duhejeje kubona .

Murashobora kwifatanya n’abandi bizera bo kw’isi yose mw’isengesho ryo kuri Zoom (soma Zumu) muri iyi misi 40 y’amasengesho: <https://247unitedprayer.org>

**UMUSI WA 32
3 Ruheshi 2022**

IGISHINGANTAHE

IYO MPWEMU YERA AHINDUYE IBINTU

Catanzwe na Don Macfferty

Umugore afise ubwoba yegereye umugore wanje igihe kimwe dusozerewe ivyigwa vy’ikangura mw’ishengero rimwe ritoya ryo muri Canada. Maze aramwegera aramubaza ati mwoshobora kuzoza kugira ikangura mw’ishengero ryanje ? Twarabuze ikangura turaryipfuzza ariko twarahebuye !

Namusezeraniye nti : “Pasitori wawe azompamagare wawe, kandi Imana niyaduhamagarira kuza kw’ishengero ryawe, tuzoza.” Amezi atari make yaraheze, ntacabaye twarashoboye gusengera iryo shengero. Umusi umwe, umupasitori yarampamagaye antumira kuza kuvugana n’abarongozi biwe, naragiye n’imodoka ndayicisha murubura, ndasenga mugihe nariko ndagenda. Maze ninjiye murusengero mpinda agashitsi, ndabandanya nciye mukayira katabona neza nshika mukindi cumba ndahasanga abarongozi bicaye bakoze umuzingi, badendebukiwe, barindiriyeye kugira ico bavuga.

Inyuma y’isengesho rito, narahamagawe ngo ntange ijamba ryanzanye. Narababwiye ivyo tumaze kubona Imana imaze gukorera muyandi mashengero n’amashuri. Nabasangije ijamba rivuga k’ububasha bw’Imana buhamagarira abantu kwihana, no kubabarira, hamwe no kubaho mubuzima bwahindutse, Uwo mugwi warumvirije mubwitonzi bwinshi n’agacerere.

“Ndabasavye namwe mumbwire ibijanye n’ishengero ryanyu,”

“Umwe artangura ati : “Murakoze cane”, “Indwi y’ikangura ntishoboka ngaha”, ayandi majwi araduka, “Dufise vyinshi bidufatira ntitwoshobora kuza incuro zirenze ijoro rimwe canke abiri.” Tunyohwa n’imico hamwe n’ibihugu tuba tuvamwo. Sikubusa kubona turi hamwe.” Mumpera umwe mubarongozi, arahaguruka avuga ko ikangura ridashobora kuba ngaho.” Nariruhukije, maze nsengera mumutima, maze ndavuga nti, Imana ntakiyinana, ishobora kubikora vyose. Maze abarongozi baraba hejuru, banshimira kubona naje, maze barangeza k’umuryango.

Ariko Imana yarakoze kur’umwe canke babiri mur’abo barongozi bar’aho. Batangura gusenga. barasenga karahava, Imana yarumvirije, Munyuma naronse ubundi butumire bwo kuza gukora ikangura, Imana yahamagaye April (aprile) umugore wanje, nanje kujayo !

Twabasavye ko boza barama bagira amasengesho, bagakorana, kenshi gashoboka, bakivugurura, tunabakangurira gushinga imigwi mito y’indongozi. Baravyemeye. Twaraje kw’isango twahanye, twinjira mw’ishengero rinini, nibaza ko twashika nka mirongo ine

umuntu yariko arakora, aroranya ibintu mur'usengero. Abantu bashika k'umunani, barashitse, benshi muri bo bari bacerewe, maze baravuga bati muvukuri uyu ntiwari umusi mwiza wo kuza, twarasengeye hamwe, turabigisha, maze turareka ishengero risigara ririmbura.

Mw'ijambo Imana yaduhamagariye kuza no gusenga no kwigisha abantu, ubwa kabiri, Ishengero ryasezeranye kurondera abantu benshi bashoboka, mw'ijoro rimwe twasezeranye kwigamwo. Twahashitse n'ivyizigiro vyinshi, n'igishika. Nubwo bimeze gutyo, abantu batari bake baritavye, gusumba ubwa mbere. Ariko twarapfukamye turasenga twibutsa amasezerano y'Imana.

Maze agahungu kamwe gato, nokwita Dex, kari kicaye iruhande ya nyina mu muzingi twarimwo dusenga.

Kadugije ukuboko kwako, katwereka, maze karavuga gati : “nanje ndashobora kuba umurongozi w'umugwi muto ?” Karirekuye, karavuga, yari muto cane, ariko yiyumvisemwo cane iryo kangura gusumba n'abakuze twarikumwe.

Naramuresheje nti : “ Ego, birashoboka ! “, “Korana na mama wawe. Muzokorera hamwe.” Yagaragaje akamwemwe gusumba na mama wiwe. Amaso yamama wiwe yagaragara nkayarimwo amosozi akeye cane, maze Imana yaranyongoreye mumutima iti : “Uwo mwana muto azobarongora.”

Ijoro ryambere ry'ikangura rishitse. Dex na mama wiwe bicaye imbere mu muzingi w'intebe, maze ntanze umuhamagaro wo kwakira ikangura, barongoye umugwi wabo mw'ijambo ry'Imana no mw'isengesho. Mpwemu yera yari ngaho.

“ Ejo kumugoroba hazoza bake”, niko umwe mubari bitavye yavuze, twarabandanije igikorwa, buri musu, bake muri twebwe barasengeye buri bizera, bo mw'ishengero, boba baraje gusenga canke bataje. Twasavye Imana gukora kuri buri mutima mu rukundo n'ubushobozi bwa Mpwemu Yera, twasavye Imana gukora gusa nk'ukwo ibishaka.

Kandi buri joro ryose, abantu baraje, atari bake, abato n'abakuze baraje, abantu baritavye bakava kukazi bacambaye impuzu z'akazi kubera kwihuta. Haraje n'abantu batahora baza gusenga hari haheze igihe kirekire. Mugihe Mpwemu Yera yariko arakabakaba imitima yabo, abantu batanguye guhaguruka bagendagenda mu rusengero. Barashikiriye abantu batahora bavugana, maze baricara hamwe, barasangirira hamwe, imbere gato yuko turangiza ico gikorane. Abantu bari bafitaniye amatati bahora barabana nabi barasabanye ikigongwe. Abantu bafise imitima igumye, yarajanjagurutse, maze baronka urukundo rw'Imana, bamwe mbere ryari irya mbere.

Mpwemu Yera yariko arakora ! Imana yariko iramurika umuco mu mwiza, yegeranye abo bari barasabagiye ngo babe mu muryango w'Imana kandi. Ico nico Mpwemu akora !

Ikibazo nkoramutima.

Amasengesho n'ikangura birajana, ibishingantahe vya kino gihe vyarabishize ahabona. Ibintu vyifashe gute mw'ishengero ryawe ? Hoba naho hakenye ikangura ? Vyoba bitegwa nuko atamasengesho ashimitse ahaba ? Imana nawe iguhamagarira gutangura gusengera ikingura aho uherereye ? Rondera uwo mwofashanya gusenga, mw'ishengero, kandi usabe Imana kubarongora mu gihe musengera abandi bantu, n'ibindi bibazo, vyumwihariko ikangura ryo mw'ishengero ryawe ry'intango ?

Imitwaro yo gusengera.

- Sengera ikangura mw'ishengero ryawe, n'abapasitori bawe, n'abakuru b'ishengero, kugira buzuzwe Mpemu Yera.
- Senga usaba Imana kugira iguhe uwo mushobora gufashanya gusenga musegera ikangura.
- Sengera Mpwemu Yera ngo asukwe kuri diviziyo yanyu, kuri Uniyoni yanyu, n'abarongozi b'ishengero ryanyu ry'intango, nkuko risanzwe rishigikira igikorwa n'uburongozi.
- Senga kugira ubashe kugenda nk'uko Mpwemu akuyoboye, naho woba ugeze aho ukwizera kwawe kunyiganyiga, nko kujabuka Yorodani. Zirikana amasezerano yo muri Ezekiyeli 36 : 25- 27 na Ezekiyeli 37, murabe ingene Imana ariyo izana ikangura ry'ukuri, amashengero n'abantu bapfuye bashobora gusubira kuba bazima kubwa Mpwemu Yera.
- Sengera ba bantu bawe 7 wandika kugapapuro.

Murashobora kwifatanya n'abandi bizera bo kw'isi yose mw'isengesho ryo kuri Zoom (soma Zumu) muri iyi misi 40 y'amasengesho: <https://247unitedprayer.org>

UMUSI WA 33

4Ruheshi2022

IMITWARO YO GUSENGERA KW'ISABATO

- Senga kugira ngo iyindi ngero ya Mpwemu Yera isukwe kubuzima bwanyu kuri iyi sabato
- Sengera abari bonyene canke bakiriko barahangana no gushirwa mukato, nko mubisagara vyo mu Bushinwa. Senga kugira ngo abizera bumve ko Yesu abari hafi, uko boba bamerewe kwose
- Sengera umurwi w'abantu batarashikirwa Imana yoshobora gushira ku mutima wawe. Sengera uburyo bwo kuvugisha uwo murwi n'uburyo bwo kubashikira mu nzira z'ibikorwa.
- Senga kugira ngo umuhamagararo « Yes'araje! Kuja mu gikorwa!» ube ikintu cihutirwa cane gusumba ibindi mu buzima bwacu bwa buri musu.
- Sengera ibikorwa vyacu vyo kumaradiyo na za Televiziyo kw'isi yose, Hope Channel, 3ABN hamwe n'izindi, kugira ngo zibandanye gukwiragiza ukuri kw'Imana gushika kure.

UMUSI WA 34
6Ruheshi 2022

IMITWARO YO GUSENGERA KU WA MBERE

- Sengera inama rusangi Session ya Conference Generale I St. Louis itangura uyu musi. Sengera umutekano w'ingendo kandi ngo imitima y'abitavye inama itegurwe.
- Sengera umuhezagiro udasanzwe wa Mpwemu Yera ku manama n'ingingo zizofatwa.
- Senga kugira ngo umurwi utegura ibikorwa vy'inama rusangi (Session) hamwe n'abajejwe ibikorwa bose bakorane banezerewe ku neza y'intumwa zaje mu nama.
- Sengera ikibanza kizoba kiriko kiraberamwo amasengesho aho muherereye kugira ngo abantu benshi baze gusenga
- Senga kugira ngo abarongozi ba Conference Generale baronke ubwenge buva kuri Mpwemu Yera bubafasha kumenya ingene bateza imbere igikorwa c'Ishengero ry'Imana kandi bamenye n'uburyo hotorwa abarongozi b'igihe kiri imbere.

Murashobora kwifatanya n'abandi bizera bo kw'isi yose mw'isengesho ryo kuri Zoom muri iyi misi 40 y'amasengesho: <https://247unitedprayer.org>

INDWI YA 6: 6-11Ruheshi2022
ICIVUGO: BUTUMWA BW'ABAMARAYIKA BATATU

UMUSI WA 35
6Ruheshi 2022

ISENGESHO RY'IGIHE C'IHEREZO
Vyateguwe na Mark Finley

N'ubwo isengesho ryamyeye riri ku mutima w'ishengero ry'abakristo haraheze ibinjana vyinshi, akamaro karyo kirwije kabiri muri ibi bihe vy'intambara vya kahise k'isi. Satani yagomoye impwemu z'abadayimoni kugira ngo zizane ubuhendanyi, ivyago hamwe n'urupfu kuri uyu mubumbe wacu. Imana ntizigera ishikirwa giturumbuka n'ibiriko biraba. Izosuka Mpwemu wayo mu bushobozi bw'imvura y'urushana kw'Ishengero ryayo risenga. Akamo gakomeye k'umumarayika wa gatatu wo mu Vyahishuwe kazokwumvikana kuva kumpera y'isi ukageza kuyindi.

Intumwa Yohana avugako: « Hanyuma y'ivyoye, mbona umumarayika amanutse avuye mw'ijuru n'ubutware buhambaye kandi isi imurikirwa n'ubwiza bwiwe. (Ivyahishuwe 18:1) Umumarayika yamanutse avuye imbere y'ubwiza bw'Imana mu cumba c'intebe y'ubwami kandi yari afise igikorwa co kuburira abantu baba kw'isi kubigiye gushika. Igisomwa kivugako umumarayika yaje afise « afise ubutware buhambaye ». Ijambo ry'ikigiriki ryakoreshejwe mw'Isezerano rishasha mu kuvuga ubutware ni « Exousia ». Yesu akoresha iryo jambo mu butumwa bwa Matayo mu kuvuga irungikwa ry'abigishwa biwe. Muri Matayo 10:1, Yesu aha abigishwa biwe ubutware kubaganze no ku bushobozi bw'umwiza. Yabarungikanye ubushobozi mvajuru kugira ngo batsinde mu rugamba hagati y'ikibi n'iciza. Muri Matayo 28:18, yongeye kubarungika, ariko noneho bafise « ububasha bwose mw'ijuru no mw'isi kugira ngo bagende guhindura amahanga yose abigishwa. »

Igihe abigishwa barangiza ibihe vyo gusenga mu cumba co hejuru ku mus iwa Pentekoti, basohotse bafise ububasha bwa Kristo muzima. Mu myaka mike gusa, abigishwa batangaje inkuru nziza kw'isi yose yari izwi muri ico gihe. (Abakolosayi 1 :23)

Mu gihe c'imperuka, Mpwemu Yera azosukwa kubantu basenga afise ubushobozi butigeze kuboneka. Ubutumwa bwiza buzovugwa bukwire hose mu kanya gato gushika ku mpera y'isi. Amantu ibihumbi vyinshi bazokwihana mu musi umwe. Ubuntu n'ukuri kw'Imana bizogira ubwaku bukomeye kw'isi yose.

Satani ntazokwishikana atabanje kurwana intambara yanyuma ikaze. Vuba cane tugiye kwinjira murugamba rwanyuma rukaze kurugero rutigeze kuboneka hagati y'ikibi n'iciza. Impanuro za Paulo ku Banyefeso ziratwerekeye mu buryo bukomeye natwe uyu musi « Hanyuma, bene Data muremesherezwe mu Mwami no mubushozi bwiwe bwinshi ...Kukw'abo tunigana atari ab'inyama n'amaraso, ariko tunigana n'abakuru, n'abafise ububasha, n'abaganza iyi si y'umwiza n'impwemu mbi z'ahantu ho mw'ijuru. (Abanyefeso 6 :6-12).

Turi mu ntambara nyayo hagati y'ikibi n'iciza. Ni iyahe mpanuro ya Paulo: « Muremesherezwe mu Mwami no mubushobozi bwiwe bwinshi. »

Muri iyo ntambara, Yesu niwe nkomezi zacu iyo ducitse intege. Yesu niwe muco wacu iyo turi mu mwiza. Yesu niwe ntsinzi yacu iyo turi mubigeragezo. Yesu niwe vyizigiro vyacu iyo twihebuye. Yesu niwe muneshi wacu akomeye. Intumwa Paulo atwibutsa ko "...ibirwanisho mu ntambara yacu sivyo mu buryo bw'umubiri arikw'imbere y'Imana bifise ubushobozi bwo kurimbura akarimbi." (2Korinto 10:4)

Muri Kristo, Satani n'umwansi yatsinzwe. Uko ibitero muhanganye navyo vyoba bikomeye kwose, uko ibigeragezo muriko murahura navyo vyoba bimeze kwose, uko inyitwarariko yanyu yoba iri kwose, uko ingorane muhura nazo zoba ziri kwose, mushobora guhangana na Satani mw'izina rya Yesu. Nta narimwe yigeze atsindwa mu rugamba agwana na Satani. Ni intwari mu rugamba ishingura akarimbi ka gihenomu, atsinda inkomezi z'ikibi kandi akarwanya umwansi mukibanza cacu. Kubw'isengesho, muri Yesu hari inkomezi zo gutsinda Stani buri kanya kose.

Mark Finley, umuvugabutumwa mpuzamakungu, umwanditsi n'icegera ca President wa GC.

Ikibazo nkoramutima

Namba harabaye igihe ubwoko bw'Imana bwari bukeneye gusenga birushirije n'uyu musi. Tubaye mu misi ya nyuma kandi duhanganye n'ibihe vya nyuma. Satani ashaka kuzimanganya ishengeru n'abarigize. Afise ubwoba ko abizera bashikirana na Yesu mu buryo bwuzuye maze bakamuhimbaza binyuze mu buzima bw'urukundo, bw'ukuri no kwitanga.

Uko ibitero vya Satani mushobora guhura navyo vyoba biri kwose, mwizigire ko Yesu azoza kubatabara.

Mwoba mukeneye ukwo kwizera gutsinda kwo mu misi y'iherezo guhagarara kudatsinzwe uko ibigeragezo vyoba biri kwose? Kuki mutomara umwanya munini kandi w'agaciro muriko murasenga muri kumwe na Yesu uyu musi mukanywa kw'isoko ry'ubugingo buhoraho,

ry'urukundo hamwe n'ukuri kandi mukaronka inkomezi zisabwa kugikorwa muri iyi misi ya nyuma?

Imitwaro yo gusengera

- Senga kugira ngo Imana ikuze muri mwebwe ukwizera kwo mu gihe c'iherezo gukoreshwa n'urukundo.
- Senga ngo uronke inkomezi za Mpwemu, kubwo kwifatanya na Yesu mu buryo bukomeye, kugira ngo muhangane kandi mwihanganire ibitero n'ibigeragezo vya Satani.
- Senga kugira ngo Mpwemu Yera ahezagire inama z'ikoraniro rusanigi (Session ya GC) ziriko ziraba uyu musu n'ingingo nyinshi ziri bufatwe zerekeye Ishengero ku rwego rw'isi.
- Senga kugira ngo Mpwemu Yera abayobore mu matora y'abarongozi bazokwumvira baciye bugufi ijamba ry'Imana kandi bakazoteza imbere muburyo butikwegerako igikorwa c'Ishengero.
- Senga kugira ngo abantu benshi baze mumakoraniro ya session ya Conferance Generale kwumva ijamba ry'Imana n'ababikurikiranira kubuhinga babe benshi.

Murashobora kwifatanya n'abandi bizera bo kw'isi yose mw'isengesho ryo kuri Zoom muri iyi misi 40 y'amasengesho: <https://247unitedprayer.org>

UMUSI WA 36

7Ruheshi 2022

UMUMARAYIKA WA MBERE

Maze mbona umumarayika wundi aguruka yatiriye ijuru, afise ubutumwa bwiza butazoshira bwo kubarira ababa kwisi, n'amahanga yose n'imiryango yose n'indimi zose n'amoko yose. Asemerera n'ijwi riranga ati : » Mwubahe Imana muyihimbaze kuko igihe c'amateka yayo gishitse. Musenge iyaremye ijuru n'isi n'ikiyaga n'amasoko y'amazi » Ivyahishuwe 14 :6-7

Inshingano yo gusenga Imana ishingiyeye kukuba Imana ari umuremyi kandi ibiriho vyose vyakomotse kuriyo. Kandi aho hose muri Bibiliya dusabwa kuyiha icubahiro maze tukayisenga igashirwa hejuru y'ibigirwamana vy'abapagani, baca bavuga n'ikimenyamenya c'ubushobozi bwayo nk'umuremyi. *Lift Him Up, p.51*

Ikibazo nkoramutima

Abadventiste b'Umusi w'Indwi bafise umuhamagaro umwe rundende kandi gihanuzi wo gutangaza mu majamba no mubikorwa ubutumwa bw'abamarayika batatukw'isi yose kugira ngo bategurire abantui ukugaruka kwa Yesu. Ishingiro ry'ubutumwa bw'abamarayika batatu n'uko ari ubutumwa bwiza butazoshira. Inkuru nziza ko Yesu ariwe gakiza kanyu. Mukumwakirana ukwizera kuzima, muronka ugutunganywa, intsinzi ku caha n'ubugingo buhoraho.

Ubutumwa bw'umumarayika wa mbere bushobora gupfunyapfunywa muri ubu buryo : Imana n'umuremyi wanyu. Niyo mpamvu ibakunda kandi ikabashaka kandi ntibikenewe ko mwihimbaza canke ngo muhimbaze ikindi kigirwamana c'uburyo bwose. Nk'ibiremwa vyayo

kandi mukwishura ku rukundo rwayo, mushobora kugaragaza kamere yayo y'urukundo, cane cane muri iki gihe tubayeho mu gihe c'urubanza.

Mwokwemera akaranga kanyu ko mumisi ya nyuma kakaba muri Yesu maze mukamwemerera akabaho ubuzima bwiwe muri mwebwe ? Mbega murizerako iyo migenderanire yimbitse na Yesu ishobora kubaha ivyizigiro mu rubanza ?

Imitwaro yo gusengera

- Senga kugira ngo Imana ihimbazwe mu buzima bwawe nk'Umuremyi n'Umucunguzi.
- Senga kugira ngo mutahure neza akaranga kanyu ko mu gihe c'iherezo muri Yesu.
- Senga kugira ngo Imana ibafashe gutahura uwo mukwiye gushiramwo ivyizigiro vyanyu ngo bibahe umutekano wose muri iki gihe c'urubanza.
- Sengera bene Data na bashiki bacu bari mu turere twamamwo intambara z'amareta n'iz'amadini.
- Senga kugira moimenye ingene mushobora gushigikira abizera muri utwo turere tw'isi.

Murashobora kwifatanya n'abandi bizera bo kw'isi yose mw'isengesho ryo kuri Zoom muri iyi misi 40 y'amasengesho: <https://247unitedprayer.org>

UMUSI WA 37

8Ruheshi 2022

UMUMARAYIKA WA KABIRI

Umumarayika wundi wa kabiri akurikirako ati: “Kirakomvomvotse kirakomvomvotse Babuloni, ca gisagara gihambaye cateretse amahanga yose vino niyo burake bw'ubushakanyi bwaco”- Ivyahishuwe 14:8

Imana iracafise abantu muri Babuloni; kandi imbere y'uko imanza zayo zishika, abo bizigirwa bategerezwa guhamagarwa kugira ngo ntibasangire na Babuloni ivyaha vyayo kandi ntibahabwe ku vyago vyaho.” Maranatha p.171

Ikibazo nkoramutima

Ubutumwa bw'umumarayika wa kabiri ni bugufi ariko buratomoye: Iyi si hamwe n'ubwoko bw'amadini bwose, amashira hamwe, ibigo, imigwi yayo yasambutse kandi y'ikinyoma yononekaye, bidatomoye kandi yuzuye ivyaha.

Inyishu imwe gusa kuri ukwo kuri kutarimwo igipfungu ni iyo guhisha ivyizigiro vyanyu mu rutare rukomeye, Umuremyi wacu, akaba n'umucunguzi w'ikiremwanuntu- Yesu. Kandi mugihe Babuloni yasenyutse, hariho abantu benshi I Babuloni bamenye ukwo kuri, bari abashakashatsi babushitse barindiriye gusa umuhamagararo w'ukuri kugira ngo bashobore gusohoka.

Kumbure mwoba mwaramaze kuva muri Babuloni, ariko mbega Babuloni yoba yarabavuyemwo? Canke hoba hakiriho uduce mu buzima bwanyu aho mushira ivyizigiro mu bushobozi bw'iyisi kwasambutse? Kuki mutoheba vyose uyu musu? Kuki mutongenda ngo mushike kure maze mukifatanya na Yesu kugira ngo muhamagare abantu bavr mur'ubwo bwato buriko buribira?

Imitwaro yo gusengera

- Senga ngo mutahure mu buryo bwimbitse ubutumwa bw'abamarayika batatu.
- Senga ngo Imana ikure mu mutima wawe ico cose gifitaniye isano na Babuloni kandi ibahe ubutwari bwo guhamagara abantu ngo bawe mu rudubi bw'ivya mpwemu.
- Sengera inama za session ya Conferance Generale iba uyu musu kandi musengere ingingo zihambaye ziri bufatwe zerekeye ishengeru kw'isi yose.
- Senga kugira ngo igisata c'urwaruko muri Conferance Generale n'igisata c'urwaruka mumashengeru y'intango aho muherereye bikoreshwe kugira ngo bizane abana bacu kuri Yesu.
- Sengera tumwe mu duce tugoye cane kandi tutarashikwamwo two mw'isi. Senga kugira ngo Mpwemu w'Imana isambure ibirindiro kubw'ubushobozi bwayo buhambaye n'ibitangaza vyayo.
- Senga bishimitse usabira amazina indwi washize kurutonde. Nturambirwe!

Murashobora kwifatanya n'abandi bizera bo kw'isi yose mw'isengesho ryo kuri Zoom muri iyi misi 40 y'amasengesho: <https://247unitedprayer.org>

UMUSI WA 38 9Ruheshi 2022

UMUMARAYIKA WA GATATU

Umumarayika wundi wa gatatu akurikira ko, avuga n'ijwi rirenga ati: "Nihagira umuntu asenga ca gikoko n'igishushanyoi caco akemera gushirwako ikimenyetso muruhanga canke mukiganza, uwo nawe azonywa kuri vino y'uburake bw'Imana yiteguye idafunguye mugakarabo k'uburake bwayo, kandi azobabarizwa n'umuriro n'amazuku imbere y'abamarayika n'imbere ya wa mwagazi. Kandi umwotsi wo kubabazwa kwabo ufunduka ibihe bitazoshira kandi ntibaruhuka ku murango no mw'ijoro abasenze ca gikoko n'igishushanyo caco n'uyo wese yemera gushirwako izina ryaco. Aho niho ukwihangana guserukira, bitondera ivyagezwe vy'Imana bafise n'ukwizera Yesu."- Ivyahishuwe 14:9-12

"Imana ibashikirije ukuboko kumwe, ukwizera, kwo gufatisha ukuboko kwayo kw'inkomezi, maze mu kundi kuboko, urukundo rwo gushikira imitima iriko irapfa. Kristo ni inzira, ukuri n'ubugingo. Mukurikire. Ntimuge nk'uko kamere yipfuzwa ariko mugendeshwe na Mpwemu. Mugende nk'uko yagenda. Ubugombe bw'Imana n'ukwezwa kwanyu. Igikorwa mutegerezwa gukora ni gukora ivyo uwushigikiye ubuzima bwanyu kubw'icubahiro ciwe agomba. Ni mwakora kubw'inyungu zanyu bwite, ivyo ntaco bizobamarira. Kora kubw'ineza y'abandi, kutikunda maze tukitaho guhebera vyose Imana atagufyinata, bizokwemerwa imbere y'Imana kandi izovyishura ubuntu bwayo bw'igicro. » Temoignages Vol.2 p.170

Ikibazo nkoramutima

Satani, uwatanguje urupfu, amarushwa, ukwikunda, imibabaro, icaha hamwe n'abo bose bakunda ibinyoma vyawe bazorandurwa ku musu w'urubanza rwa nyuma, kugira ngo ubutungane n'urukundo bisubizwe itoto mw'isi n'amajuru. Abo bonyene bashira ivyizigiro vyabo mu Mucunguzi adukunda Yesu Kristo nibo bazokizwa vy'ibihe vyose kandi bahindurwe

ivyaremwe bishasha bigaragaza urukundo rw’Imana rutarondera inyungu. Vuba cane nta karyo ko gukiriza umutima Kristo kazoba kagisigaye.

Mbega vyoba biri mu vyifuzo vyawe uyu musu gukora ibishoboka vyose kugira ngo mushikire abo bantu bazimiye murukundo rw’Imana hamwe n’ubutumwa bwo kwihana, bw’agakiza n’ubw’urubanza? Mbega muzokayangana nk’umuserukizi wa Yesu mw’isi yuzuye umwiza? Mbega muzohagarara, mubeho, muvuge, mwiteho, muhezagire, mukunde, mugumbire akaranga kanyu k’ubuhanuzi nk’Abadvantiste b’Umusi w’Indwi? Namba naho utaraba Umudevantiste w’Umusi w’Indwi, mbega coba ari icifuzo cawe kwifatanya n’umuhari w’Imana wo mu gihe ca nyuma, co gukurikira ijambo ry’Imana, co kubatizwa no kwiyegurira igikorwa ca Yesu kidasanzwe agutegekaniriza?

Imitwaro yo gusengera

- Senga ngo utahure ubutumwa bwa marayika wa gatatu.
- Senga ngo uronke inkomezi zo kwumvira ijambo ry’Imana uko inzira yaryo yoba iri kwose.
- Sengera umutima w’umuntu umwe, Sengera inshingano, usengere n’igikorwa.
- Senga ngo Yesu yongereze ukwizera kwawe ufise muriwe kandi akayanganyire muri wewe
- Senga ushimitse kubwa ya mazina yawe indwi kandi usengere n’ababanyi bawe batarakira agakiza mubana hafi na hafi.

Murashobora kwifatanya n’abandi bizera bo kw’isi yose mw’isengesho ryo kuri Zoom muri iyi misi 40 y’amasengesho: <https://247unitedprayer.org>

UMUSI WA 39 10Ruheshi 2022

IGISHINGANTAHE: UBUTUMWA BWIZA BUTAZOSHIRA BWARAHINDUYE UBUZIMA BWA BILL! CATANZWE NA DAN SERNS

Inyuma y’igihe gito nimutse mu gace gashasha, jewe n’umugore wanje twamenyeko mw’ijoro bavuzwa urwamo rwinshi cane. Twaramaze igihe twidogera ababanyi bacu imbere y’uko twafashe ingongo ko dutegerezwa kubasengera. Ntanamazina yabo twari tuzi ariko ntivyatubujije kugira urutonde tuzosengera. Twasengeye “ababanyi b’ubwato bunini”, yari afise ubwato bwagutse yari yahagaritse mu nzira bahora banyuramwo. Twarasengeye “ababanyi basezerana”, basezeranye gusumba abandi. Twasengeye « umugabo w’imbwa zibiri », yama aza imisi yose iwacu ku mugoroba, ahamagara imbwa ziwe akazikwega vuba vuba nazo zidashaka.

Iyo musenze Yesu mu buryo bwamaho musengera abantu kumara amayinga runaka, ashira mumutima wanyu icifuzo co kubakorera ikindi kintu kugira ngo mubafashe. Twarabiyazeko hanyuma dufata ingingo yo gutangura umurwi wo kwiga Bibiliya mu rugo kuwa gatatu wa Bibiliya ku mugoroba. Twarasanze abantu dufise kurutonde rw’amasengesho turabatumira. Twaranahaye ubutumire iyindi miryango yo mukibano. Hanyuma dutumirira abantu bamwe mubo dusangiye kwizera kugira ngo bazoze kwifatanya natwe.

Umugoroba wa mbere, twaronse abashitsi batandatu mu rugo iwacu: batanu bo kw'ishengero ryacu hamwe na wamugabo w'imbwa zibiri ». Twahavuye tumenyako yitwa Bill, ko afise imyaka mironko itandatu n'itanu kandi ko yari yegereje kuja mukaruhuko k'izabukuru. Bill nta bintu vyinshi yavuze muri iyo saha ya mbere twamaze turi kumwe, kandi igihe yari ashikiriwe ngo abe ariwe asoma Bibiliya, yaravuze ati: « Rengana ». Ariko kumpera, yaradushimiye cane kandi ku ndwi yakurikiye yaragarutse. No kuyindi ndwi yakurikiye yaragarutse no ku ndwi ya gatatu hoho nta wundi muntu yaje atari Bill wenyene.

Kuberako ntawundi muntu yari yaje, yatanguye kutubaza ibibazo. Ikibazo ciwe ca mbere cari iki ngo: « Mundongozi zacu zo kwiga Bibiliya, harimwo ibiharuro bitandukanywa n'utuburungu tubiri. Ivyo bishaka kuvuga iki? » Kari akaryo keza ko gufasha Bill kwiga gusoma no gukoresha Bibiliya. Yarabishima cane rwose.

Indwi igira kane, bese baragarutse na Bill. Icigwa cari gishingiye kubutumwa bwiza butazoshira bwo mu vyahishuriwe Yohana 14. Twasomye ingene twese turi abanyavyaha kandi ko tubereye gupfa, ariko Yesu yaraje arabaho maze arapfa kugira ngo arihe ivyaha vyacu. Twarasabikanije ingene, mu gihe twatuye ivyaha vyacu tugashira ivyizigiro vyacu muri we turonka ubugingo budashira. Hanyuma, twarasabikanije ingene Yesu aduha intsinsi mu ntambara zacu n'ingene ategura kazoza kadasanzwe kuri umwe wese muri twebw.

Icigwa giheze, natumiriye buri muntu mu gihe yoba abishaka kuvuga ngo: “Yesu ndashaka ko uba uwujewe agace kose k'ubuzima bwanje.” Iryo joro, Bill yatumiriye Yesu kuba Umwami n'Umucunguzi wiwe. Vyari bindenze! Nashobora kwiyumvira Yesu mw'ijuru abwira Marayika Gaburiyeli ati: « Ni mutangura iyindi nzu! Hariho uwundi muntu yanyemeye kandi ndamuhaye kwumva amahoro atari yarigeze yiyumvamwo hambere. Nzomuhindura kandi umusi umwe nzomuzana iwanje mu nzu yanje aho azoba tuzobana ibihe vyose.

Haheze indwi nkeya twaronse amakuru avuga ko Bill yapfuye yishwe n'ingwara y'umutima mu gihe yari kumwe n'umwuzukuru wiwe. Umugore wa Bill yadusavye ko ari twebw twoyobora ibirori vyo kumushingura. Mu gihe twariko turitegurira ivyo bikorwa vy'amaziko bibabaje kandi bitari vyitezwe, umugore wiwe Sharon yatubwiye ati: « Bill yarakunda ivyigwa vya Bibiliya vy'iwanyu vya buri ndwi. Ntiyari yarigeze atunga Bibiliya imbere y'uko mutangura kwigana nawe. Ariko vyarahinduye ubuzima bwiwe. »

Inkuru y'ubuzima bwa Bill irahenze, ariko nizera ko azoba mu bambere bazokwikangura bakaduga mu bicu gusanganira Yesu igihe Yesu azogaruka. Kandi turindiranye ici cizigiro!

Uwo Yesu nyene yahinduye ubuzima bwa Bill ashobora guhindura uwo ariwe wese! Inkuru yacu ihambaye, izwi kandi mw'izina ry' « Ubutumwa bwiza butazoshira » (Ivyahishuwe 14 :6), izovugwa kw'isi yose imbere y'uko Yesu agaruka. (Matayo 24 :14) Tugire ubutwari mu gusabikanya n'abandi iyi nkuru nziza tugifise akaryo ko kubikora. Ntitubandanye kwinyegeza inyuma y'inzugi zugaye canke bakabandanya gutanga ubutumwa buhotaguye butayoborera abantu kubirenge vy'umusaraba. Ubwo butumwa bwiza bwo mubutumwa bw'abamarayika batatu bufise ubushobozi bwo guhindura ubuzima bwacu bwose. Tubibwirane! Yesu araje vuba!

Ikibazo nkoramutima

Mbega ntibitangaje kubona ibishoboka iyo dutanguye gusengera abandi, hanyuma tukabakorera tuyobowe n'Imana? Ntawomenya, mushobora kuba muri akaryo ka nyuma ku

muntu ko kwumva bavuga Yesu. Kuki utosaba Imana uherye uyu mwanya nyene ngo ikwereke abantu ushobora gusengera kandi ukabakorera ahubaye? Saba ubushobozi bwo gusabikanya ukuri kwo mu butumwa bw'abamarayika batatu mwuzuye Mpwemu Yera. Mu gihe musenga ayo masengesho mushimitse, muzoronka imyanya yo guhura n'ijuru idasanzwe ku bwinshi!

Mu gihe mwasengeye babantu indwi bari ku rutonde rwanyu, turashaka kubatera umwete ngo mubandanye mu basengera kandi mubandanye mubashikira. Muri ababakorera. Rondera uburyo bwo kubakorera no kubakunda nka Yesu. Imana irashoboye kandi ishaka gukorera mu buzima bw'abo bantu kandi mu gihe mukibandanya gusenga, ivyo bizana ubudasa mw'isi itaboneka. Umusi umwe canke n'ubu nyene, muzobona inyishu ku masengesho yanyu.

Imitwaro yo gusengera

- Senga kugira ngo Mpwemu Yera ayobore ibikorwa vya nyuua vy'inama nkuru y'Ishengero.
- Sengera abashizwe mubibanza vy'uburongozi ngo Mpwemu Yera abahe ibikenewe vyose ngo bashobore kurangura neza igikorwa kibarindiriye.
- Senga kugira ngo uronke uturyo two gushikira umuryango wawe, abagenzi bawe n'abo mukorana ubajaniye ubutumwa bwiza bwa Yesu.
- Bandanya gusengera amazina yanyu indwi mwashize kurutonde mukurondera uburyo bwo kubakorera.
- Senga kugira ngo Imana ibahe nibura umuntu umwe mushobora kuyoborera kuri Yesu mu mwaka uza.

UMUSI WA 40 11Ruheshi 2022

AMASHIMWE YO KW'ISABATO

- Shimir'Imana kuvyoyakoze mu buzima bwawe muri iyi misi 40 iheze y'amasengesho. Tomora ivyo yagukoreye
- Shimir'Imana kuvyoyigiye gukora biciye mu barongozi bashasha batowe n'abasubiye gutorwa mw'ishengero kw'isi yose mu gihe bagiye guhangana n'imyaka y'uburongozi iri imbere hamwe n'umutwaro w'amabanga bajejwe
- Shima Imana ku buryo iriko irakora n'ingene igiye gukorera mu buzima bw'abo bantu indwi wasengeye muri iyi misi 40 y'amasengesho
- Shima Imana kuko izoguha ukwizera ngo ushobore kurengana imisi y'iherezo kandi vuba, izoseruka ku bicu ije kutujana imuhira.
- Shima Imana kuko iracafise ibindi bintu vyinshi cane ibabikiye, kandi iyo n'intango gusa y'urugendo rwayo rudasanzwe kubuzima bwanyu !

Kugira ngo mumenye ibindi vyinshi ni muje kurubuga <https://www.revivalandreformation.org> kugira ngo muronke vyigwa biba biriko birakoreshwa.

Amasengesho azobandanya amasaha 24 ku 24, imisi 7 ku 7 kuri uru rubuga : <https://247unitedprayer.org>

Bene Data dukunda,

Imisi 40 y'amasengesho kumbure iraze uyu musu, ariko urugendo rwanyu mugendana na Yesu ruzogenda ruba rwiza uko muzobandanya mumurondera. Nk'uko mwabaye bamwe mubagize uru rugendo rw'imisi 40 y'amasengesho, turasenga ngo mube mwabaye koko ibishingantahe vy'ubushobozi bw'Imana mu buzima bwanyu. Mwarayobowe na Mpwemu Yera ibajana kukubaho mw'ikangura nyakuri no mw'ivugurura ribandanya nk'uko bitari vyarigeze imbere yaho. Kandi ivyo ntivyategerezwa guhagarara ku mpera y'iyi misi 40 yo gusenga ariko vyategerezwa kubandanya gushika Yesu agarutse.

Turabatera intege ngo mubandanye kwifatanya n'abandi bizera kw'isi yose kugira ngo musengere hamwe amasaha 24 ku 24 kuri Zoom : <https://247unitedprayer.org>. Amasaha yo gusenga azobandanya kuri abo bese bipfuzwa kuyabamwo. Kandi ntimuhagarike gusengera babantu indwi mwashize kurutonde (hamwe n'abandi Imana yoshira ku mutima wanyu) gushika igihe muzobona inyishu zije.

Ntimwibagire ko « Twese hamwe mu gikorwa c'Ivugabutumwa » bisigura ko umwe wese ategerezwa kugira icyo akorera Imana ! Ntimwibagire icyuguzo c'inama rusangi (Session) yacu ya Conferance Generale 2022 : « Yes'araje ! Kuja mu gikorwa ! »

Tuzonerwa no kwumva ibishingantahe vyanyu kuvyaho Imana yabakoreye muri iyi misi 40 y'amasengesho mu buzima bwanyu, mu miryango yanyu no mw'ishengero ryanyu !

Imana ibahezagire

Umurwi w'ikangura n'ivugurura